III KEMIS 19 JULI 1934 — 6 SILIH MOELOED 1353 — No. 157 — TAOEN KA II

PANGAOS LANGGANAN:
Sasasih . . . . . . . f 1.50
Artosna ti pajoen.
PANGAOS ADVERTENTIE
Tiasa badanten sareng Administratie.
Agent: Publiciteitskantoor „De Globe" Amsterdam en Batavia-Centrum
Ditjitak koe Drukkerij „ECONOMY"

# Sinar Pasoendan

Directeur: ALI RATMAN
Hoofdredacteur: IMBI DJAJA KOESOEMA

KANTOOR:
REDACTIE & ADMINISTRATIE:
Oude Kerkhofweg No. 16
Telefoon No. 444 — Bandoeng
BIJKANTOOR:
Krekot 27-29 - Telefoon 5862
Batavia-Centrum.
Dikaloearkeun koe Uitgevers Mij. „Sinar Pasoendan" di Bandoeng.

## Voorlichting over Indië

DI Volksraad toean Fruin ngadadar pandjang lebar ngedalkeun kahandjakalanana, sadoemeh tjenah kaajaan economie (economische positie) di Indonesia ti pihak Nederland koerang meunangna toendjangan. Sadoemeh gegedena kapitaal anoe golang geusan Industrie di Indonesia, ngan kapitaal Nagara Loear bae.

Tina ieu pedaran toean Fruin kieu, Aid. ngaweweleh ka Nederlanders saoemoemna, magar balangah henteu daek ngagoenakeun modalna industrie di Indonesia. Demi noe djadi sabab tjenah, lantaran teu pati njaraho noe saenjana kana kaajaan di Indonesia. Indonesia teh tina kitoena koedoe leuwih leuwih keras dioewar oewarna, koedoe sina njaraho noe sabenerna koemaha kaaloesanana Indonesia djeung koemaha bisana ngoentoengkeun Indonesia dina kalangan industrie . . . Wij moeten —tjeuk Aid.— eigenlijk nog verder gaan en zeggen, dat de kennis van het rijk in Ned. Indie over het algemeen te weinig is gepopulariseerd in Holland . . . .

Djadi tjenah kaajaan atawa ka njaho tina pasal Indonesia teh di Nagri walanda koerang diwawarkeunana.

. . . . . . Sarta pidjawabeunana kana kahandjakalan toean Friun teh tjeuk Aid. keneh taja lian ngan koesabab Indonesia koerang di reclamekeunana di Nagri Walanda . . . . . . (een zeer voorname factor voor verklaring van het door den hr. Fruin genoemde feit moet toch worden gezocht in de weinige reclame, die men voor het industrisatiestreven van Indie in het moederland heeft gemaakt . . . . . .

Tina kitoena, tjeuk Aid. ti ajeuna koedoe dimimitian tembong-tembongkeun kaaloesan Indonesia teh, koe djalan gambar-gambar (film), soepaja tetela kanjarahoan koe oerang Nederland, soegan engke kahareup leuwih giat daraekna ngamodalan Indonesia kana industrie.

Djadi kamedi gambar [bioscoop) koedoe dipake djalan geusan njieun reclame kaaloesan Indonesia.

Ieu hidji tjita-tjita geusan voorlichting [mere njaho] koemaha kaajaan di oerang.

Koe ajana timbangan ti Aid saroepa kieu, oerang tangtoe inget kana kadjadian-kadjadian lamoen aja tatamoe ti Nagara Loear ka oerang. Biasa pisan anoe gantjang dipintonkeun teh ngan Indonesia ti hareupna bae. Indonesia moemoenelna, aaloesna. Gedong-gedongna anoe ngadjadjar, ngadjalegir, arendah araloes, djalan-djalanna anoe diaspal, kabeh diebreh-ebrehkeun ka semah, sangkan pamoedji ka Indonesia . . . . . boeahna tanaga Walanda di oerang.

Koemaha ari kaajaan Marhaen di kampoeng-kampoeng?

Oerang loear tara njarahoeun
Oerang loear tara ngedalkeun pamoedji atawa pamojok.

Da teu narendjo tea.

Soemawonna oerang loear. boektina oerang Nagara Walanda pisan ge, djero-djerona Indonesia mah teu njaraho Koemaha bisana mikirkeun kasoesah, atawa koemaha bisana ngarasakeun katoegenah djeung naon anoe perloe koedoe diheulakeun geusan Marhaen di kampoeng, sabab kana kaajaanana oge teu tarabah.

Voorlichting noe datang ka Nederland pasal Indonesia, ngan Indonesia palebah papaesna bae, tapi Indonesia di kampoeng di desa-desana masih baroeni keneh, tatjan negrak kagambar koe oerang loear.

Tjara Bandoeng heurin koe tangtoeng. Bandoeng nagara resik toer rame . . . . . .

Teu ditaringali koemaha soesah pajahna djelema noe laleutik noe araja di toekangeun Bandoeng?

Toeloenganeun woengkoel!! . . !

Tjeuk Aid. tembongkeun Indonesia teh koe bioscoop.

Tjeuk oerang, oelah wawarehan ditembongkeunana, tapi toedoehkeun kaajaan di kampoeng di desa-desa, malah mandar kaajaan ra'jat saoemoemna leuwih meunang perhatian.




### Hatoer noehoen . . . . . !!

Kamari dina kolom kota aja poedjian ti „Drukkerij Indosia" noe toemiba ka diri pribados sareng kana karangan-karangan pribados.

Eta poedjian koe pribados ditampi koe asta kalih, teu kirang teu langkoeng iwal ti tiasa ngedalkeun „hatoer noehoen".

Moech. A. Affandie.

### Arbeidsbeurs Bandoeng.

Noeroetkenn katerangan ti Gemeentelijke Arbeidsbeurs Bandoeng. noe nareangan pagawean make perantaranana eta Arbeidsbeurs, njaeta aja 228 bangsa Walanda, 700 bangsa Indonesiers djeung 48 bangsa Tionghoa. Noe geus katoeloengan ginoeloeran meunang pagawean djoemblah-djambleh aja 86 oerang.

Diantara eta noe nareangan pagawean teh aja:

Architecten, Analysten, Assistent-apothekers, Bankemploye's, Bakkers, kok en kokkins, Bankwerkers en reparateurs, Bedienden personeel, Boekdrukkers en letterzetters, correctors en journalisten, Boekhouders, Boomklerken, Chauffeurs, Chemikers, Cultuuremploye's, Commiezen en hooger bureau-personeel, Correspondenten, Dames voor de huishouding, Electriciëns, Fabrieksemploye's, Handelsemploye's, Hotel- en café-personeel, Ingenieurs, Kassiers, Kinderjuffrouwen, Kleermakers en modistes, Klerken en schrijvers, Machinisten en motordrijvers, Magazijnmeesters, Mandoers, Metselaars, Meubelmakers, Monteurs, Mijnwerkers, Onderwijskrachten, Oppassers en portiers, Opzichters en werkbazen, Rekeningloopers, Suikeremploye's, Stenografen, Teekenaars, Typisten, Timmerlieden, Verkoopers, Verplegers(sters), Winkelpersoneel, Diversen djeung noe teu tangtoe pagawean naon bae.

### Jaarbeurs peuting panoetoep.

Bener teu salah tjopet teh eukeur dina oesoem panen, boektina dina peuting kamari, njaeta Jaarbeurs peuting panoetoep, noeroetkeun bedja, loba pisan anoe katjopetan, malah aja hidji oerang Tionghoa anoe kapalingan (katjopetan) pestol nanaon katoet pelorna.

Kitoe deui noeroetkeun bedja tjenah aja hidji djr. Wadana istri, doeka djr. Wadana istri mana geus katjopetan 1 geulang emas harga f 250- eun.

Ari kawasna mah anoe ngaroeksak teh tjopet ti sedjen tempat meureun, da ari tjopet anoe biasa di Bandoeng mah haben diboeboerak bae.

Engke dina ngadoe koeda panen deui bae kitoe? Tangtoe bae!


Koe koering oge parantos karaos, oepami njĕri parindikan, njĕri tjangkeng, komo kasakit kotor mah, sok tara pati dirasa, tara ditambakeun, soemawonna ngahadjakeun tatamba mah, mitjeunan djaram djeung koeman noe sok asoep kana djalan tjikiih.
Mingkin enggal nganggo oebar HELMITOL, mingkin tĕbih tina kasawat.
Tablet HELMITOL pohara mandjoerna, kitoe deui ka noe kasawatna parantos parna.
Djadi sing emoet!
*HELMITOL teh kanggo njinglar sarĕng ngalandongan kasawat dina kaboengboeah, njĕri parindikan, njĕri tjangkeng sarĕng njĕri kahampangan.*



### Nganiaja koesir delman.

Geus diasongkeun dakwaan ka pangadilan koe koesir delman ngaran Samid, lantaran manehna geus dikaniaja koe opat bangsa Tiong Hwa, njaeta: Ho Be Tji, Tan Sie Kwi, Tan Kwee Moj djeung A Kim alias Go Koe Hoej, kabeh oerang Chineeschen Kerkweg.

### Sili batjok.

Di kampoeng Tjilimoes geus kadjadian aja doea 'djago pasea rongkah, sarta toengtoengna nepi keun ka geloet papoeket gegeren telan.

Noe saoerang geloetna teh ka lawan ngagoenakeun bedog, sarta teroes dipake ngabatjok moesoehna. Sabadana natoean moesoehna, teroes manehna metakeun langkah sareboe.

Noe djadi korban bedog teu talangke koe noe wadjib harita keneh oge teroes dibawa ka roemah sakit.

### Ragrag tina tangkal kawoeng.

Di Tjiseupa geus aja kadjadian hidji djelema noe keur njadap oerang Tjibiroe, geus bobor karahajoean ragrag tina tangkal kawoeng anoe loehoerna 12 M.

Eta si djalma anoe tjilaka kalawan kaajaanana ngalehleh kapaehan, harita keneh teroes dianteurkeun ka lemboerna, sarta sadatangna ka lemboerna teu mangkoek sawatara menit dihin pinasti anjar pinanggih raga patoeraj djeung njawa.

### Hal ngagoegoerkeun kandoengan tea.

Tangtoe paramaos masih aremoet jen salah sahidji dokter istri bangsa Europa di Bandoeng geus ditibanan hoekoeman sataoen lilana sabab geus ngagoegoerkeun kandoengan.

Eta dokter teh geus menta gratie ka G.G. Tapi kalawan besloeit tanggal 16 Juli pamentana geus ditolak.

Hartina hoekoemana eta dokter koedoe teras didjalankeun.

### Djago tenis Japan nepi ka Makasar sarta rek ka Djawa.

Tjeuk bedja ti Makasar geus datang eta tempatmake kapal „Jahoremaru" toean-toean Kasumato djeung Hirai, doea djago tenis oerang Japan.

Doeanana arek daratang ka P. Djawa, rek maen di oenggal tempat.

Ieu doea nonoman Japan ajana di Universiteit djadi No. 9 djeung 12.

Dina sore eta geus mimiti maen di Makasar.

### Alap alap kareta mesin.

Tjikeneh dina ieu soerat kabar geus dikabarkeun jen aja pendjahat ngaran Atjeng, asal oerang Tjipitjoeng (Tjiparaj] geus ditewak di reparatie atelier hidji oerang Tionghoa di Bantjeuj, lantaran maling kareta milikna Abas oerang Gang Pagarsih sarta eta djalma geus dipasrahkeun ka politie. Ajeuna politie keur ngadjalankeun papariksaanana, sarta kanjahoan jen malingna kareta mesin teh geus ti 6 lawang.

### Majit di Hotel Cheribon.

Poë kamari hidji oerang Bombay anoe njewa di Hotel Cheribon geus kapanggih maot. Gantjang bae dilaporlkeun ka politie. Politie gantjang datang ka hotel Cheribon sarta meunang katerangan eta djelema anoe maot teh ngaranna K. Kadir, asal oerang Tasikmalaja. Noeroetkeun katerangan manehna geus lila boga kasakit batoek gangsa. Harita keneh dikirimkeun ka roemahsakit Rantjabadak baris dipariksa.

### Tjopet katangkep.

Kamari toean L.A. Coeverden, asal oerang Samarang, pikeun sawatara waktoe tjiting di Dagoweg no. 153 Bandoeng. keur waktoe meuli kartjis rek lalajo bioscoop Luxor geus katjopetan hidji paneker bensin harga f 7,50 Hadena bae harita aja hidji djelema anoe deukeut ka manehna, toeloej tjopetna ditewak. Bet ka beneran djol tjlik bae eta paneker benzina teh ragrag, waktoe diilikan enja bae anoe manehna. Atoeh toeloej bae eta djelema teh ditewak sarta dilaporkeun ka politie. Sihoreng eta djalma teh geus mashoer toekang ngodok kantong, ari ngaranna Empit oerang Kebondjati.

### Landraad Bandoeng.

Perkara-perkara noe dipoetoes koe Landraad Bandoeng dina tg. 16 Juli 1934, sakoemaha noe kaseboet di handap ieu:

Rd. S.S. oerang Gang Pagarsih didakwa geus ngagasab barang milikna hadji H.S. Noe katimbang boga dosana koe pangadilan ditibanan hoekoeman 6 boelan, tapi make voorwaarde djero doea taoen.

S. alias S. oerang Tjimahi didakwa maling barang, koe pangadilan dihoekoem 3 boelan.

T. alias G. oerang Pasirkaliki, M. oerang dinja keneh djeung E. oerang Soekadjadi, didakwa geus babarengan maling barang. Noe kaseboet pangheulana koe pangadilan dihoekoem saboelan, tapi noe doea deui mah, lantaran henteu tetela dosana, dilepas.

M. djeung K. doeanana oerang Pasirlangoe, didakwa babarengan maling barang, koe pangadilan dihoekoem 5 boelan sewang.

E. asal oerang Leles, didakwa geus maling penning kareta mesin koe pangadilan dihoekoem 3 boelan.

Poetoesan tg. 18 Juli '34.

Kamari Landraad Bandoeng geus mariksa perkarana R. oerang Tjikawao, S, S, djeung W., oerang Kebondjatiweg no. 151 blok 8B, lantaran geus maling 13 peti saboen beko harga f 51 — anoe Entje Ing, oerang Kalipah Apoweg no. 18. Koe lantaran terdakwa moengkir ieu perkara dipoendoerkeun nepi kana tanggal 25 Juni 1934.

### Hatoeran Djr. Corr. Sinar Pasoendan Soemedang.

Pribados parantos ngaos seratan Djoeragan dina Sin. Pas. No. 155. Anoe djoedoelna „Hatoer noehoen" Kantenan tjita-tjita pribados oge kitoe, hojong soepados P.O.S. (Penolong Orang Sakit) aja tjabangna di mana djalaran anoe teu kinten perloena kanggo rajat sakoemna.

Namoeng tina kitoena tangtos pribados oge ihtiar, sangkan di Soemedang aja Penolong Orang Sakit, deui pribados njoehoenkeun ka Djoeragan Correspondent Sinar Pasoendan di Soemedang soepados ngabantoe njebarkeun hal Penolong Orang Sakit.

Ari maksoedna P.O.S. teh kieu: „Toeloeng tinoeloengan, hartosna noeloeng anoe teu damang sareng noeloeng ka kaoem vervleeger anoe parantos werkloos.

P.O.S. teh sanggoep noenggoean noe teu damang di loear, noeloeng noe babar, sareng sadjabi ti kitoe Penolong Orang Sakit teh sanggem propaganda „Kasehatan" di sakola sakola partikoelir oepamana di Pasoendan, Tamansiswa, dst.

Namoeng di oeningakeun ti ajeuna djalaran P.O.S. teu atjan ngagadoehan „Roemah-obat" sakoer noe di parios koe P.O.S. ari laadong mah kedah ngagaleuh koe andjeun bae.

Tah koe ajana ieu toelisan moegi aroeninga, moegi Djr. Cor. Sin. Pas di Soemedang ngabantoe ngaloeaskeun propaganda.

Doepi Penolong Orang Sakit di Boeahbatoe mah parantos aja tjabang njaeta Djr. Rachman Mantri Inlichter Boeahbatoe.

Moedah-moedahan bae P.O.S. sing aja goenana keur oemoem

### Ragrag tina rangkal kalapa.

Dina powe Ahad n.a.k. di desa Tjibeber Tjimahi aja kadjadian noe matak sedih, njaeta ngaran Iking alias Asmita geus ragrag tina tangkal kalapa noe loehoerna koerang leuwih 7 M. Leungeunna noe kentja potong djeung tjangkengna oge kawasna idem.

Waktoe manehna dipariksa koe politie, katjida handjakalna lantaran emboeng di ka roemahsakitkeun.

### Naha rek diantep bae?

Geus lila di Groote Postweg Andir aja doea lampoe listrik noe teu hoeroeng, tapi henteu diganti.

Naha rek diantep bae?

Moegi-moegi GEBEO marios eta tempat.

### Madjalaja

#### Pasar Malem.

Powe Saptoe djeung Minggoe di Madjalaja baris aja pasar malem. Ari anoe bakal ditontonkeun teh njaeta Wajang, bioscoop dst. Deui teu tinggaleun baris ngajakeun corgcours iteuk. (Naha di dieu mah masih rame keneh bae iteuk teh? Lett. Zett.)




### Garoet

#### Pagawean Giringsing!?

Di Kampoeng Rantjamaja desa Soekalilah bawahan district Tarogong (Garoet) aja djalma datang anjar, katelah ngaranna „EJANG Mataram."

Eta Ejang Mataram teh tjenah bisa ngadjampe ka djalma noe aja maksoed, sarta njarita jen sagala maksoed oge mo boeroeng bisa dikaboel, asal mawa doeit sabaroe (dalapansen sapeser) djeung beas saemoed.

Oerang lemboer eta katjida lobana noe ngadareuheus ka ijeu Ejang Mataram teh, marawa doeit djeung beas sakoemaha piwoeroekna eta Ejang. Tjeuk bedja moal koerang ti 60 djalma anoe geus ngadareuheussan ka dinja

## JOURNALISTIEK CONFLICT

### S. ca S.

### ( Saeroen ca Saroehoem )

Soesah oepama oerang neangan hartina zakelijk, althans ieu ketjap teh memang hidji ketjap anoe djadi dasar atawa fundament dina kalangan journalistiek.

Tapi njaeta atoeh . . . . .

Anjar-anjar ieu patjogregan antara doea djago journalist djr. Saeroen ca . . Parada Harahap, beres dina congres.

Beh dieuna diboentoetan deui koe: djr. Saeroen ca djr. Sanoesi Pane ti Soeara Oemoem.

Djr. Sanoesi Pane rek madjoekeun dakwaan via pangadilan, tapi koelantaran ngagoegoe kana faham noe sedjen, babakoena pikeun kahormatanana Journalisten Indonesier, djr. Sanoesi Pane ngadakwana teu toeloes, malah satoeloejna njerahkeun menta timbangan ka publieke-opinie bae.

Doea kali aja conflict (persoonlijk) di kalangan journalisten bangsa awak, doeakali journalist djr. Saeroen njekel rol anoe penting.

Ajeuna katiloekalina ca djr. Saroehoem ti Sin Tit Po, dimana djr. Saeroen geus ngirimkeun soerat dakwaanana ka A.R. politie anoe kieu maksoedna mah: Djr. Saeroen ngarasa henteu ngeunah koe toelisanana djr. Saroehoem Dina Sin Tit Po 4 Juli 1934 anoe make djoedoel „Toetoep Pintoe" lantaran aja toelisan anoe oenina: „Dalam Congres Perdi samasakali tida . . . . enz. . . . . ."

Sadjabana ti ngadakwa ka djr. Saroehoem teh tapi oge ka djr. Sie Tjin Goan anoe djadi Hoofdredacteurna Sin Tit Po.

Estoening dina taoen 1934, bet mindeng pisan kadjadian journalisten bangsa awak, anoe asal ngadoe penah teroes-teroesan ka noe sedjenna, ngan bae ari aja anoe make perantaraan politie pikeun mereskeunana mah, kakara ajeuna dimimitian koe djr. Saeroen ti Pamandangan.

Enja ari kaliwatan teuing mah toelisanana djr. Saroehoem teh henteu bisa dipoengkir deui, poegoeh nembongkeun kaajaan roemah tangga soerat kabar bangsana, anoe saenjana mah noeroetkeun nationaliteitsgevoel perloe di pindingan, soepaja oelah kanjahoan koe noe sedjen, babakoena pisan mah koe anoe djadi lawan oerang, anoe salawasna njeungseurikeun lamoen peroesahaan bangsa oerang aja dina kabokbrokan.

Komo deui kapan ieu mah kadjadian dina roemah tangga Pamandangan anoe didadarkeun dina S.T.P. koe djr. Saroehoem teh henteu bener, althans noeroetkeun katerangan djr. Saeroen koe andjeun, nja kapan lantaran ieu pisan, lantaran henteu bener katerangan djr. Saroehoem, anoe matak djr. Saeroen menta perantaraan . . . . . politie oge.

Ngan eta bae, sanadjan enja toedoehan djr' Saroehoem henteu bener, ngarasa handjakal ieu perkara henteu dibereskeun onder handsch bae, sarta koe ingetan djr. Saroehoem oge sadia pikeun njaboet deui toelisanana anoe teu bener tea, oepama geus dibantah koe pamandangan djr. Saeroen.

Nasi soedah djadi boeboer,—lamoen enja tea mah geus djadi boeboerna,— ajeuna mah oerang bandoengan bae koemaha toengtoengna ieu doea djago journalist, anoe bakal pahareup-hareup di loear kalangan journalistiek. . . . . . .

W.W.

Matak karoenja mah koe hidji toekang dagang tahoe. Maranehna ngamodal dagang f 0.60.

Tina hajangna beunghar (raris dagangna) teu tinggaleun ngadeuheus ka ejang Mataram, mawa doeit sabaroe djeung beas saemoed. Atoeh bati dagang tahoe noe ngan f 0,10 teh ledis disang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

# Pamanggih anoe bener

(Aangeboden).

BINTANG TIMOER poë kamari geus njoetat toelisan Toean D.F. van Wijk dina Trans Facific anoe kieu oenina:

Op het oogenblik meent men in een misplaatste superioriteitswaan, dat elk Inlandisch initiatief belachelijk kan worden gemaakt. Wat in die richting slaagt, blijft in de Europeesche bladen buiten de belangstelling, wat mislukt, meestentijds door onervarenheid, is telkens weer aanleiding tot honende critiek, tot beleedigende minachting van het streven van hen, die iets trachten te bereiken.

Werk in deze richting wordt systematisch en onberedeneerd afgebroken. De fouten welke eraan kleven worden in den breede uitgemeten, maar de weg tot verbetering en tot vermijding van deze fouten in de toekomst wordt niet aangewezen.

Opbouwend werk blijft achterwege, de publieke opinie wordt er door misleid en de taak van de Regeering wordt er ten zeerste door verzwaard.

Dit is een ernstige fout en als dit niet spoedig wordt ingezien, zal zij zich wreken.

De toekomst van Indië en de positie van Nederland in Indië zijn gebasseerd op de zelfwerkzaamheid van de Indische maatschappijen, op het zich ontwikkelend initiatief van de Inheemsche samenleving.

Oepama di soendakeun mah pihartieunana teh kira-kira kieu:

Noeroetkeun pamandanganana D.F.v.W. dina waktoe ieu mindeng pisan pihak Europa sok nembongkeun kasombongan kabangsaanana anoe lain koedoena, terhadep kana sagala kabiasana atawa oesahana bangsa Boemipoetra, sarta oge sok mindeng njeungseurikeun kana sagala oesahana bangsa Boemipoetra.

Oepama aja initiatief bangsa Boemipoetra noe kabeneran henteu bisa djalan (hasil) lantaran koerang kanjahona atawa koerang pangalaman, mindeng pisan dihina koe pers Europa, komo deui oepama terhadep ka djelema anoe di gawe pikeun kamadjoean bangsa djeung lemah tjaina.

Oepama aja kasalahan saoetak-saeutik, gampang pisan di gegedekeunana, sadjeungkal djadi sadeupa sarta publiekeopinie [pikiran djelema rea] sok bisa ti soledat, nepi ka matak njoesahkeun kana djalana pamarentahan.

Ieu teh hadji kasalahan anoe katjida gedena, sarta oepama henteu diomean, tangtoe bae di achir matak ngadatangkeun hidji pembalesan (wreken) anoe tangtoe moal ngeunah karasana.

Waktoe anoe bakal datang di ieu nagara, sarta positie (kedoedoekan kaajaan) Nederland di Indonesia salawasna tergantoeng kana pagawean sorangan di ieu nagara, kitoe deui oesaha atawa masjarakat Boemipoetra salawasna tambah kamadjoeanana.

Kitoe pamanggihna Toean D.F. van Wijk anoe di beberkeun dina soerat kabar Trans Facific, anoe sanadjan saliwat oge koe oerang oedjoeg-oedjoeg bisa dienjakeun bae, pamanggihna Toean van Wijk teh, da poegoeh oenggal powe karasa katendjo, koemaha hajangna dianggap, bangsa Europa koe bangsa Indonesia. Maranehanana henteu ngingetkeun, jen kamadjoeanana hidji bangsa teh henteu beunang di halang-halang, atawa henteu bisa diseungseurikeun, lantaran kaajaan hiroep koemboeh mah salawasna owah gingsir (dynamisch).

Komo deui oepama ngingetkeun kana maksoedna ngadjadjah teh tjenah njaeta rek ngamadjoekeun bangsa anoe didjadjahna, soepaja bangsa anoe didjadjah tea bisa satahapan djeung bangsa-bangsa atawa nagara-nagara anoe sedjen, kitoe deui djeung anoe djadi pertoeanan.

Ngan handjakal pisan, dina palebah dieu sok loba keneh bangsa Europa saperti tjek toean Van Wijk tea, anoe nganggap hina ka Indonesier, lantaran ngarasa jen manehna mah hidji bangsa anoe loehoer, sarta oepama pahareup-hareup djeung Indonesier teh breh bae tembong superioriteitswaan-na, tina soal kabangsaan.

Komo dina soal kapolitiekan. Geura eta soerat-soerat kabar bangsa Europa, henteu euleum euleum oepama mere suggestie ka pamarentah teh, nepi ka djigana poho, jen bangsa Indonesier bergerak dina lapangan politiek teh euweuh bedana djeung tandangna Willem van Oranje (Willem de Zwijger) waktoe ngoedag kamerdikaan Nederland.

Poho bae djigana teh ari kana sadjarah nagarana mah, anoe oge geus pernah ngalaman saperti kaajaan di Indonesia ajeuna. Da kahajangna pers poetih mah, bangsa Indonesia teh koedoe tetep aja dina kabodoan, koedoe tetep aja dina kabiadaban, oelah ngarasa kitoe djeung kieu, nepi ka teu koerang-koerang panghalangna ka pamarentah, oepama pamarentah rek ngadjalankeun kawadjibanana pikeun kangeunahanana atawa kamadjoeanana bangsa Indonesia, oepama bae tina perkara onderwijs, kapan kahajangna pers poetih mah, sakola-sakola loehoer anoe aja di Indonesia teh koedoe di leungitkeun, oepama bae: Sakola Hakim Sakola Dokter djeung T.H.S.

Kalakoeanana pers poetih kitoe geuning koe bangsana sorangan keneh njaeta koe t. van Wijk anoe geus sedar sarta insjap, teu boeroeng ditjawad di critiek, da poegoeh saenjana kalakoean-kalakoean anoe didadarkeun koe Toean van Wijk teh memang hidji kalakoean noe teu merenah.

Soeara Trans facific bakal di hormat koe bangsa Indonesier sarta saperti tjek B.T.: Kita pertjaja Trans Pacifc akan mendapat kemenangan bersama kita!

---

gakeun ka ejang, malah koedoe nambahan keur meuli beasna.

Di imah pasea djeung salaki, da noe djadi salaki mah teu rem poeg make djig-djig ka Ejang Mataram sagala teh, da tatjan aja noe geus ngarasa beunghar koe tarekahna eta ejang teh.

Kabeneran aja hidji Hadji noe mangarti djenengan H.L. oerang Astanagirang. Barang ngadenge aja noe ngagiringsing kitoe teh, toeloej bae lapor ka noe djadi Loerah di Soekalilah.

Ti dinja ieu Ejang Mataram teh didatangan koe Loerah Soekalilah dibarengan koe Hadji L. tea.

Harita keneh dibawa ka Katja matan baris dipariksa.

Ti imahna dibawa beunang ngabeslah doeit lobana f 7,75 djeung beas 60 kati.

Koe warna noe njiar kipajah.

Ngan eta bae bangsa oerangna noe abong deui teh. Noe kitoe-kitoe bae dipertjaja.

Kieu gambarna Indonesia dina djaman meleset!!

Ra'jatna matak era parada.
Mana onderwijs!!?

---

### Na koemaha sarsilahna?

Ngadjikeun di koeboeran Walanda.

Bareto dina ieu s.k. oge geus ditjaritakeun jen toean Mees di Garoet geus maot.

Dikoeboerna biasa bae di koeboeran Walanda.

Eta toean Mees teh ninggalkeun Njai anoe katjida roepana nineungna ka noe djadi salaki. Ari njaina mah tetep bae ngagem agama Islam, malah geus katjida roemaketna djeung bangsa oerang teh.

Ajeuna sanggeusna toeanna maot teh hajang make aja noe ngadji koer'an sagala di koeboeran salakina (eta toean) tea.

Oerang kaoem Lebak [Garoet) anoe dipentaan toeloeng kalawan diboeroehan, soepaja ngadji dikoeboeran eta toean tea, bedjana euweuh noe daekeun.

Tapi, boeboehan pangawasa doeit, toer dina djaman malaise, nja teu boeroeng aja noe daek. Bedjana noe sok ngadji di eta koeboeran toen teh njaeta oerang Tjipararaj djeung Soetji.

Nja asese oge, oelah ngamoebadirkeun redjeki.

Djaman hese doeit, redjeki njantong, pirakoe diloeli-loeli.

Mending wajahna ngadji koer'an di koeboeran toean.

Aja-aja bae.

---

DAGBLAD „MATAHARI" Abonnement
terbit 1 Augustus 1 boelan f 1,50
Di Semarang
Bisa minta langganan dari sekarang kepada
Pers- Advertentie bureau „Nicork"
Gang Kebontjaoe 2a. — Bandoeng

# Tjikampek

### Djadi rame.

Sanggeus diajakeun djalan teroesan ti Tjikampek ka Tjirebon via Tjikalong, djalan Tjilamaja teh ajeuna mah katjida hiroepna, mobil saban waktoe loer-lar bae teu kendat-kendat Koe kitoena mah kameudjeuhan pisan, sabab make eta djalan teh leuwih deukeut aja 60 K.M. na tinimbang make djalan via Bandoeng.

Sadjaba ti kitoe teh, deui teu matak pikapaoereun teuing saperti djalan Bandoeng, da ka djalan anjar mah rata, toer teu loba tikoengan noe sareukeut.

Handjakal katjida sasak-sasak noe aja diantara Tjikampek—Tjikalong katjida heureutna keneh, tepi ka lamoen aja mobil ngaliwat kabeneran pasanggrok djeung tram, kapaksa koedoe eureun heula, sabab teu bisa teroes lantaran sempit teuing.

Ajeuna ti Djatisari tepi ka Tjikalong geus dihoenjoed-hoenjoed mangpirang-pirang keusik, tjeuk bedja mah rek ngalebaran djalan sarta sasak-sasak.

Lamoen enja teh, loemajan oge sahenteuna kaom Marhaen bisa miloe koekoeli.

### Panen tjere manoeroen.

Bareto dina ieu soerat kabar geus dibedjakeun, jen koe hebatna malaise, kaom tani noe tara bisa njawah leuwih ti sakali teh dina sataoenna, ajeuna mah kapaksa koe kaajaan, mitoemananan njawah ngatigakeun. Ari anoe di pelak njaeta tjere manoeroen, pare gendjah noe bisa kaala dina djero k.l. 4 boelan.

Boelan ieu keneh oge di Djatisari—Djatiragas—Tjitjinde djeung di desa-desa ka tebeh Kalerna eta tjere teh bakal ka ala. Loemajan oge keur noe daek ngatigakeun, gael-gaeleun oesoem petjeklik. Da ari ngarah didjoeal mah paling lakoe oge ngan oekoer keketipan dina sapikoelna teh. Ma'loem tjere manoeroen.

### Rampog di Tjikampek.

Dina peuting kamari di deukeut Tjikampek, imahna H. S. geus kadatangan rampog. Noe boga karampas doeitna noe lobana f 300.— Kitoe deui manehna meunang tatoe anoe pohara, diperga sa koe eta rampog tea.

Hidji conducteur oge anoe balik ti pagaweanana geus aja noe ngabatjokan.

### Masigit Djatiragas rek diomean.

Ajeuna di boetoean masigit kaoem Djatiragas, geus ngahoenjoed materialen, saperti batoe, keusik, kapoer etc. sabab masigit noe ajeuna rek diomean. Tjeuk bedja mah begrootingna f 10.000.

Koe itikoerihna adjengan Moeksin, engke dina malem Salasa tanggal 17 Silih Moeloed baris soemping ka Djatiragas Sajid Ali ti Kariang, maksoedna baris ngaos di masigit Djatiragas, meureun sakalian djeung ngabadamikeun oeroesan masigit tea.

# Poerwakarta

### Njoba-njoba rek ngadoeroek imah

Malem Saptoe noe anjar kaliwat tokona djrg. Hadji Enoh di Pasar Djoemaah meh bae, antjoer djadi leboe. Hadena samemeh seuneu hoeroeng kaboeroe kanjahoan koe boedjangna djrg. Hadji. Ari lantaranana noeroetkeun katerangan mah kieu: Hidji Tiong Hoa paranakan, noe katelah babah Atjik geus dieureunkeun tina pagaweanana di Babah Sanglok. Roepana manehna neundeun hate, pek njoba-njoba arek ngadoeroek tokona, tapi teu koengsi kadjadian geus kanjahoan manten. Koelantaran ieu perkara poelisi, ajeuna eta babah teh geus ditahan di politie-post.

# Madjalengka

### Tooneel M.M. jaarfeest.

[Katerangan noe langkoeng paos]

Di kota Madjalengka aja hidji vereeniging anoe make ngaran Madjalengka Moeda, (M.M.) diadegkeunana koe baroedak pemoeda-pemoeda Madjalengka.

Dibangoenna ieu pakoempoelan saperti biasa pakoempoelan bae, ari anoe djaradi anggahotana nja eta baroedak anoe marasih aja dina bangkoe sakola, lain bae baroedak anoe sarakola di kota Madjalengka, tapi sabagian loba baroedak anoe sarakolana di loear kota Madjalengka. Ari anoe djadi ketoeana tina ieu M.M. njaeta djoeragan Soejoed. Ieu M.M. geus ngadeg lilana 3 taoen, sarta tiap-tiap taoen biasa ngajakeun pesta anoe diseboetna jaarfeest. Kabeneran dina djero vacantie Juli baroedak oerang Madjalengka anoe araja di tempat sedjen koempoel di Madjalengka.

Tjoendoek ka waktoe datang ka mangsa oemoerna ieu M.M. nintjak kana 3 taoen tea, hiboek tina sagemblengna M.M ngajakeun babadamian baris ngadamel tooneel.

Koe initiatiefna Kangdjeng Dalem sarta Dalem Istri Madjalengka kersa ngadjeudjeuhkeun nganteur karepna ieu M.M. kana maksoedna ngadamel tooneel tea.

Beres tina sasadiaan pareng dina malem Minggoe tanggal 14 ka 15 boelan ieu (Juli) 1934 di Gedong pendopo Kaboepaten Madjalengka tooneel ieu, diboeka sarta zonder narik deui pembajaran ti penonton Seueurna penonton k.l. aja 400 istri pameget babakoe kaseueurannana bangsa kaoem prijeji, sakoer anoe saroemping diatoer tjara diogan nganggo kartjis, diantawisna panonton-panonton eta katingal aja Kdj. Dalem Tjirebon sagarwana Raden ajoe, oge aja tatamoe kaoem Djepang familie djrg. Satoh, para prijaji ti bawahan kota Tjirebon, sarta teu kantoen toean A.R. Madjalengka oge aja ngaloeoehan ka na eta aroelina baroedak.

Kdj. Dalem Madjalengka sebagi panangtajoengan harita aja dina patempatan tooneel anoe nampi tatamoe ti tebihna Kdj. Dalem istri. Tooneel djam 8 diboeka koe ketoeana M.M. anoe pondokna tjarios nganoehoenkeun ka anoe saroemping, babakoena ka Kdj. Dalem Istri miwah Pameget, anoe parantos maparinan tempat, anoe sakitoe laloeasana sarta sadaekna, malah disebatkeun jen ieu tooneel tiasana ngadeg koelantaran tina pangdjeudjeuhannana Kdj. Dalem Istri miwah Pameget.

Minangka nganoehoenkeunana ti M.M., moeziek anoe dipingpin koe R.M., Oneng teu eureun-eureun dipoekoel (getol oge).

Ngawitan anoe ka 1, Openings mars, 2. Openingsrede, 3. De bloedden, 4. Wachters Ahei, 5. Soendaneeschtooneel, 6 Arabische dans, 7. Driekleine kleutertjes, la djeng pauze.

Dina ieu pauze Kangdjeng Dalem Tjirebon parantos kersa mantoe ngiring ngiderkeun bus tiengtjelengan artos sarta disarengan koe Emma bloem, artos kangge njokong kana palang beureum sanatoruim (T.B.C.)

Saladjengna anoe ka 8. Hawaiian, 9. De stemme moedenaar, 10. Japansche dans, 11. Tableau, 12. Standen.

Pamandangan tina ieu tooneel katjida aloesna, malah dina lebah ka 10. Japansche dans anoe katjida djigana, ningal papakeanana anoe kenging ngadangdosan njonja familie Satoh sakitoe rapihna, kondena konde Tjijoda oge dina menjanjina koe basa Djepoen, teu eureun-eureun anoe keprok tina saroeka atina pihak panongton sarta soersorna baki kadaharan soesoegoeh roepi-roepi katoeangan toer raraos. Langkoeng loetjoe dina tengah2 panongton ngabandoengan kana eta tooneel, djol dina podium aja moerangkalih istri njarios koe basa Walanda, anoe hartosna nitah narangtoeng ka panonton kabeh, sarta parentahan eta boedak teh ditoeroet, saparantosna ladjeng di parentah tjaralik deui, atoeh kantenan bae, sanes kolot njoo ka boedak, tapi kolot ditjoo koe boedak, anahioeng teh sora djelema lir kadija bangbara liar, roepa-roepa njerana, seuri tina loetjoena. Djam 11,45 wengi boebaran.

### Dipaehan konde noe djadi lantaran.

Dina peuting Senen ddo 15 ka 16/7-'34 di dessa Koeboer onderdistrict Madjalengka aja kadjadian hidji djalma anoe geus disoedoek koe blati lebah beuteungna. Tjeuk bedja lantaran eta djalma geus koemawani ngabogohan awewe noe boga salaki. Eta djalma noe disoedoek asal oerang Tjieurih pareng manehna laladjo ronggeng kemprongan di desa Sindangkasih kapanggih koe salakina si awewe anoe dibogohan tea, teu tatapasini deui troes disoedoek bae. Roepana manehna loempat ka tanah desa Koeboer, tina elatna anoe rapport, waktoe soemping dir. Wadana Madjalengka ka tempat eta geus k.l. djam 1, sedeng kadjadianana djam 10. Harita keneh noe tjilaka dibawa dina autona dir. Wadana ka roemah sakit Madjalengka.

Kira djam 3 peuting harita keneh sitjilaka nepi ka hahanteuna raga patoeraj djeung njawa.

### Impian nimboelkeun kapertjajaan.

Dina hidji tempat pasir (goenoeng leutik) pernahna toekangeun roemah sakit kota Madjalengka, aja hidji koeboeran kosong anoe dihade-hade malah make disaoengan kenteng sagala, ari anoe njieun eta koeboeran nja-eta ngaran Abdoelmanap imah-imah di kota Madjalengka asal oerang Tegal. Tempat eta koeboeran aja dipakarangan nji Mas Edoh. Tjeuk tjaritana Abdoelmanap, anoe matak njieun eta koeboeran kosong di eta tempat, lantaran manehna geus ngimpi jen omongannana hidji embah istri Kalidjaga Mataram pasareannana nja ditempat eta pisan moendoeh dipiara dihade-hade. Koelantaran ajana ijeu makam tangtoe pisan diantara pendoedoek di tempat eta sabaggian leutik aja oge katarikna miloe oeloe bioeng moedja ka eta koeboeran kosong, sanadjan koe pikiranana Abdoelmanap tea, saoekoer keur kaperloean mantena bae (poedjaeun mantena bae) teu boeroeng aja oge anoe katarik kana kapertjajaannana.

Geusan katrengteman agama sarta katjoerigaan nagara, Politie dikota Madjalengka kapaksa tjampoer tangan, mariksa pandjang lebar ka anoe boga pokal, sarta ngageuing oelah nepi ka sasar lampah, sok soemawonna narik ka djalma loba, nepi ka ngalesotkeun agamana sadjati, toeloej ganti haloewan njembah moendjoeng kana batoe.

Roepa-roepa dina ahir djaman ijeu timboelna lengkah anoe lain-lain. Moegi-moegi bae sing taretep iman islamna, moenggoeh di oerang kaoem islam sagemblengna

### Pasar malem di Madjalengka.

Bareto dina ijeu srat kabar parantos diwawarkeun jen dina tg. 14. t/m 16/7'34 baris diajakeun tentoonstelling teteken di Madjalengka. Koelantaran pamaksoedan ijeu bantrok reudjeung pasar malem di Djatitoedjoeh, katoeroeg toeroeg kaganggoe koe karepna Madjalengka moeda tina ngajakeun jaarfeest di pendopo Kaboepaten parantos ditetepkeun dina babadamian kamari ijeu nja eta dina tg 4 t/m 6/8-'34 toeloesna aja pasar malem di Madjalengka. Concours iteuk keur boewatan Madjalengka oge baris diajakeun.

Teu sanes moegi hasil pamaksadan ijeu.

Wiloedjeng madjeng Madjalengka.

---




### MODE .....?

Roepana bae dina djaman kiwari mah saoepama djelema anoe ora weroeh henteu koekoeh kana „mode", tjan dianggap asoep kolem kaoem modren, diangkapna teh ka loehoer sieun koe goegoer, ka handap sieun koe gelap......

Tjaritana mah mode teh beunang didjieu oekoeran ...... modren!

Sakanjaho Etjle babakoena anoe ahli panatik-mode teh njaeta bangsa wong wadon, sababna nilik boekti bae waktoe aja mode „Geloeng Tjijoda", ger kolot-boedak pada oeloebioeng marake geloeng Tjijoda.

Itjal geloeng Tjijoda, ger rambe oebiag pada make samping gedjed. Leuheung basa oepama bitisna teh ninggang di anoe esaj, koembaha ari ninggang di anoe rambosbos, .... ah narah soemoehoen Etjle mah adjrih!

Bangsa oempih ajeuna roepana geus bosen kana teteken, bangsa tanteuh oge zonder epek „toetoeroet oempih" henteu sepi noe ngahopnen samping gedjed.

Apa mode baroe ....?

Aja-aja bae djol deui ajeuna mode anjar, njaeta rea bangsa tanteuh djeung titeuh noe loeas ngobralkeun halis, doersetoet teroes dikoeroed koe peso tjoekoer atawa didoedoetan make tjatoet à la roeham-rahem .... rahim.

Sanggeus bolongor, las dipoelas sok sangkan ngaleunjaj ligar ...., nja atoeh kantenan mah poeoeoegoeh weee sok lamoen moelasna aloes mah mantjritna teh teu beda ti halisna Anna May Wong, matak bengong resep melong.

Tapi koemaha oepama moelasna kandel teuing .....?

Beu tiwas, meureunan ngadjedig djiga Radja Djin, Djin-na oge ieu mah deui ..... Djin Kas-Kas.

Komo eta mah oepama halisna teh leeh knouk-out koe kesang, nja meureun moelih ka djati moelang ka asal, salin djinis djiga .... boengaok.

Poenten bae......!!!

ETJLE.

---

Moegi diaraos!

Ka Administratie seueur pisan serat atanapi pamoendoet noe diserat koe para djoeragan langganan dina strook postwissel. Oepami diwaler nganggo serat deui, djabi ti kalintang abot onkostna teh, deui kantenan moal katjabak tereh-tereh koe administratie tina seueurna padamelan.

Kangge ngentengkeun ka sadaja, moegi serat waleran dina kolom „Correspondentie" noe aja dina Sin. Pas. diaraos. Saban dinten oge ditoengtoet sakoer noe njeratan teh diwaler.

DINA SERAT KABAR NGAWALER TEH HENTEU DI SEBAT DJENENGAN NOE NJERATAN MAH, MOENG TJEKAP KOE DISEBAT NOMER LANGGANAN BAE.

Koemargi eta sakali deui, disoehoenkeun djoeragan kersa ngaos saban dinten eusina correspondentie tea bae.

SABAN NGINTOEN ARTOS MOEGI NOMER LANGGANAN KEDAH DISERAT.

Hormatna

Adm. Sin. Pas.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

# Sora Pers

## Sakola djoernalistiek

Eusina hoofdartikel s.k. „Adil" anoe powe Salasa njaritakeun jen djr. Dr. Satiman (stichter A. M. S. partikoelir di Solo A.) kagoengan tjita-tjita hojong ngadegkeun sakola djoernalistiek, sarehna Indonesia perloe pisan ngabogaan pamingpin-pamingpin soerat kabar anoe meunang pangadjaran djeung didikan tjoekoep, njaeta pikeun kaperloean djeung kapentingan rajat katoet lemah tjaina.

Diantarana dina eta artikel geus aja pamandangan kieu:

Akan tetapi lain dari pada itoe, masihlah ada soeatoe lapangan jang beloem djadi perhatiannja orang banjak jaitoe: djoernalistiek. Betoel pekerdjaan djoernalis itoe kebanjakan tidak membikin kaja-raja, akan tetapi keperloeannja boeat masjarakat Indonesia tidak koerang penting. Djika telah diketahoei, bahwa di Europa dan Amerika soedah terdiri goeroe djoernalistiek dalam universiteitnja, kalau di Indonesia diboeka sekolahan djoernalistiek pertengahan, boekan nama keadjaiban.

Djika negeri dalam djaman jang serba madjoe sebagai waktoe ini tidak mempoenjai pers jang terpimpin oleh pemimpin jang mendapat peladjaran dan pendidikan tjoekoep goena mempertinggi peilnja soerat-soerat kabar jang memberi pemandangan jang dapat berpengaroeh, maka kemadjoean negeri itoe akan ta' tertjapai. Inilah sebabnja maka dalam perasaan dan pikiran saja jang paling doeloe terbit niat akan menamakan sekolahan model baroe ini Sekolahan djoernalis.

Kana initiatiefna djr. Dr. Satiman aja goeam hojong ngadegkeun sakola djoernalistiek, pohara moepakatna, sabab nilik boekti bae di Indonesia mah saoerang oge tatjan aja djoernalis anoe meunang pangadjaran djeung didikan ti sakola djoernalistiek, kabeh oge beunang diseboetkeun „selfmade man" bae.

Djr. Djamaloedin Adinegoro, bener andjeunna ari ngoelik kana elmoe djoernalistiek tea mah di Djerman, tapi toch teu katjaritakeun jen andjeuna teh kaloearan ti s kola djoernalistiek.

Koesabab eta moedah-moedahan bae eta tjita-tjitana djr. Dr. Satiman teh pinareng tinekanan, sakola djoernalistiek di Indonesia ginandjar medal ka doenja, sok sangkan peilna djoernalistiek di Indonesia bisa satahapan djeung di nagara-nagara lian.

Mh. A. A.

# Djakatra

### Roemah sakit Tjikini roegi f 39.101.11.

Dina verslag taoen '33 ti „Vereeniging voor Ziekenverpleging Ned. Indie" njaeta noe dioesahakeun koe almarhoem Koningin Emma, ziekenhuis Tjikini, geus roegi kira-kira f 39.101.11. Ieu teh lantaran lolobana patienten (noe garering) arasoep di klas handap bae, datangka ongkos ngoeroes teh aja f 9000.—

Tina kitoena kapaksa tariefna dirobah.

Keur njotjokan karoegian ditjokot tina ongkos-ongkos lobana f 172.317.

### Rijbewijs palsoe.

Hidji soepir Indonesier ngaran A., oerang kampoeng Kebonklapa Mr. Cornelis, geus didatangan koe poelisi ka imahna, lantaran manehna disangka ngalanggar atoeran perdjalanan, sarta ngasongkeun rijbewijs palsoe.

Eta soepir koe poelisi dibawa ka kantor poelisi baris dipariksa

### Rek oentoeng tapi djadi boentoeng.

Mobil taxi njered poelisi.

Hidji soepir taxi ngaran Hardjani bin Amsir, keur waktoe ngadjalankeun taxina, rek neangan moeatan ka Molenvliet West, di lebah Harmonie geus distop koe poelisi, lantaran lampoena pareum, Tapi manehna teroes bae djalan, nepi ka poelisi noe njetop di tengah djalan teh kasered koe mobil, 5 meter djaoehna.

Oentoeng eta poelisi teh bisa moentang kana bemper, lamoen teu kitoe tangtoe pisan kagelengna.

Ieu kadjadian teh, kadjadianana k. l. poekoel 9 peuting. Isoekna eta soepir dipariksa koe Landrechter tapi teu datang, sanadjan kitoe manehna dihoekoem boei lilana 3 boelan.

### Noe pandjang leungeun.

Hidji toekang dagang bamih, ngaran Sader bin Nipal, waktoe dagang di Tanah lapang Singa, doeitna saperak dipaling koe Main bin Ipan, sarta eta noe malingna teroes kaboer. Tapi teu mangkoek sabaraha lilana eta noe pandjang kokod teh katangkep koe Sader bin Nipal di elos Pasar Senen. Harita oge sang pandjang kokod teh digiringkeun ka Landrecht sarta manehna ngakoe teroes terang jen boga dosa. Koe Hakim ditibanan hoekoeman pandjara, lilana 14 powe.

### Gemeente Mr. Cornelis baris di hidjikeun djeung Gemeente Batawi.

Gemeentebestuur Mr. Cornelis geus nampa wawaran koe toelisan ti Adviseur decentralisatie, jen engke dina tg. 1 Januari taoen hareup, Gemeente Mr. Cornelis teh bakal dihidjikeun djeung Gemeente Batawi.




### VOETBAL

### Dardanella XI — Uni I 0—3.

Dina powe kamari di lapang Uni (Nieuw Houtrust) geus diajakeun revanche wedstrijd diantara Dardanella XI djeung Uni.

Ti doea pihakanana pasangannana katembong pohara lengkepna. Tapi dina sakali ieu mah Dardanella teu kaantjikan koe Dewi Fortuna, boektina bae nepi ka ngaso gens koengsi kaasoepan sa ese koe Uni, sabadana maseuhan tikoro koe limoen ploes deui 2 ese, sarta nepi ka lepri nioep ploeit mere tangara jen maen lekasan, stand tetep 3—0 pikeun kaoenggoelan Uni.

### Grazer club (Oostenrijk) — Sidolig I.

Dina powe ieu mimiti poekoel satengah 5 di lapang Sidolig di Tjikoedapateuh baris ditandingkeun eta doea clubs noe kaseboet di loehoer.

### Maen bal di Padalarang.

Powe Minggoe noe bakal datang, s. v. Immanuel baris metsen djeung v.v. Fabriek papier Padalarang, di Padalarang.

### Diondang.

Meunang bedja, jen v.v. Stier Bandoeng isoekan powe Djoemaah diondang ka Baloeboer Limbangan, sarta rek ditandingkeun djeung v. v. priboemi (Baloeboer Limbangan).

# Soerat Kiriman

*(Loear tanggoengan Redactie)*

### Teu weleh pada ngantos².

„Perlambang" sareng „Kilandara".

Djoeragan-djoeragan panginten masih keneh aremoet nalika aja concours orkest lagoe Soenda di Jaarbeurs ddo: 10 Juli 1934, aja 6 clubs anoe ngiring bingah kana concours Jaarbeurs teh. Teu weleh pada ngantos-ngantos ka ieu anoe 2 clubs teh, koedjalaran sami-sami kenging le prijs doeanana, nja eta Perlambang sareng „Kilandara". Djisim abdi (toekang laladjo) anoe teu kinten bingahna ngoeping-ngoeping tjariosan, ieu anoe 2 clubs bade di concourskeun deui. malah sanes tjariosan diloear woengkoel, da aja dina Sin. Pas. ddo. 14 Juli 1934. Naha iraha atoeh? Sok tada teuing ramena djalmi. saoepami ka djantenan.

Ari djoeragan-djoeragan spelers Perlambang mah sareng djr.-djr. spelers Kilandara, tangtos raos-raos bae da pada kenging le prijs [tetep kampioen Bandoeng], tapi ari noe laladjo mah teu weleh - weleh panasaran bajang terang pangwahid - wahidna noe mana? Tjik atoeh djr.-djr., oepami tareuneung mah (mikatjinta) ka ieu 2 clubs anoe parantos katetepan Kampioen Bandoeng, kedah diaranggo, soepados aja kamadjenganana Orkest lagoe Soenda teh.

Moega-moega ieu anoe 2 clubs oepami teu tjios diconcourskeun deui sing sami - sami madjengna, sing loeloes-moeloes, repeh-rapih sareng spelersna, oge sareng vereenigingen noe sanes.

Panoehoen ka djoeragan² Roekoen Setia, ari kabinangkitan mah parantos tjekap djoeragan djoeragan spelers teh, ngan djoeragan violist houding teh oelah repot teuing, entong nganggo roegag rigig atanapi koeda koeda, da teu sakoemaha abotna eta viool teh, ngeset teh kedah tingali houding noe sanes, [houding viool teh koemaha kedahna].

Hoermat djisim abdi
(toekang laladjo).

# KOROPAK

Djr. Soedjati,
A.B.C.-strraat, Bandoeng.

Perkawis serat kintoenan djr. kangge ka Etile, sanaos loear tanggelan redactie oge moal tiasa kamoeat, djalaran basa-basana ka tjids diaranggalna — kalasarna, katimbang teu pantes dilebetkeun kana koran.

Koe djalaran eta, eta serat dikintoenkeun ka noe baris pinampieunana bae, njaeta Etjle.

Moegi djr. djanten oeninga!

[Red].




### Ngoeroedan ongkos di kalangan B. B.

1000 djoeroetoelis anoe rek di lepasan.

Patali djeung ajana bedja soerat-soerat kabar, tina hal maksoed pamarentah rek ngalepasan 1000 djoeroetoelis, djr. Soetardjo djeung djr. Wiranatakoesoemah, geus njanggakeun patarosan ka Pamarentah, sarta pamarentah geus maparin katerangan anoe kieu oenina:

Bedja-bedja anoe ditanjakeun teh enja pisan, nja eta kalawan djalan formatie pikeun ngoeroe dan ongkos, pamarentah kapaksa ngalepasan 1000 djoeroetoelis ti kalangan B.B. dina mimiti taoen ieu.

Sarta oge ajeuna bisa kanjahoan, naekna pangkat di kalangan djoeroetoelis teh katjida soesahna.

Dina waktoe ieu koe pamarentah keur di timbang-timbang (oge hal ieu patali djeung ajana suggestie ti advies Informeele Bestuurscommissie], naha kira-kirana pikeun ongkos - ongkos kaoem djoeroetoelis teh bisa atawa henteu make djalan anoe sedjen nepi ka matak bisa ngoerangan lobana kaoem djoeroetoelis anoe koedoe di lepas.

### Beubeunangan S.S.

Beubeunangan S. S. di tanah Djawa dina boelan Juni aja f 2. 2a7,231 kana f 2.986,140.54 atawa f 778 909 koerangna ti boelan Juni taoen toekang.

Koerangna ieu beubeunangan teh lantaran koerangna panoempang njaeta f 150000, tina bagage f 5427, bestelgoed f 13.560 sarta tina moeatan anoe sedjen aja f 587.000.

### Njieun Oejah gelap.

Di sababaraha tempat di Djogjakarta, geus kapanggih aja noe njarieunan oejah gelap. Eta tempat njieun oejah teh teu woedoe legana, babakoena di afdeeling Progo Koelon.

Nja ieu sababna pangna pangasilan oejah Goepernemen dina tengah-tengah taoen 1934 roegi kira-kira f 7000 atawa 18 procent tibatan taoen 1933.

Ieu tempat njieun oejah teh djaoehna ngan sawatara kilo meter bae ti desa, tapi naha bestuur teu gantjang manggihan?

Koe ajana ieu kadjadian, noe wadjib waktoe ieu keur soson-soson mariksa eta perkara.

### Maling tiwoe.

Noe maraling tiwoe di pabriek Banjak ajeuna ngoerangan, tapi di Temoeloes ajeuna geus kapalingan f 20.000 tangkal, di Tjalomadoe 1500 tangkal, 2000 tangkal noe karek diroeksak bae, nja eta dipaling daoenna keur parab sasatoan.

### Hidji lid Gemeenteraad noe kakara dipilih asoep kana tahanan preventief.

Noeroetkeun bedja „Aneta" di Makasar toean D, lid Gemeenteraad anoe kakara kapilih, geus ditahan preventief, lantaran disangka ngagasab doeit.

# Telegrammen

Tina s.s k. sedjen

AMERIKA.

## Pamogokan hebat di Amerika.

Pamogokan dimimitian.

San Francisco 16 Juli [Aneta Reuter D.K.]. Pamogokan anoe ditjaritakeun kamari tea ajeuna geus dimimitian, Ieu pamogokan teh diloeloegoean koe pagawe-pagawe kapal.

Aja 150.000 pagawe kapal anoe marogok.

Ti Salina Pamarentah geus ngirimkeun militer baris ngadaga katengtreman.

Aja 160 ti pihak militer dikirimkeun ti Los Angels anoe daratangna kadinja make kareta api extra.

Noe mogok baris hasil maksoedna?

Salasa oerang pamingpin tina ieu pamogokan geus nerangkeun ka oemoem, jen sakabeh pagawe kapal anoe marogok tea pada baroga kajakinan jen maranehanana baris hasil maksoedna koe djalan ieu pamogokan teh. Maranehanana moal ngadjalankeun kakerasan.

Commissie pamogokan di Est by njieun poetoesan ngawidian ka toko-toko pikeun meuli boeah-boeahan, sajoeran djeung benzin dina tanggal 17 Juli n. a. k.

Ieu barang-barang teh diwidian dibawa ka tokona tea.

Pamandangan ringkesna tina kaajaan pamogokan.

New York 17 Juli (Aneta Reuter Pem.). Di San Francisco aja 100.000 pagawe anoe mogok kabeh ieden tina perkoempoelan sagawe,

Di Portland aja 1500 anoe marogok ti pihak pagawe palaboean. Matros-matros oge marogok kabeh. Noe marogok di eta tempat mah mere tandang semoe noe rek ngalawan kalawan kakerasan.

Di Menneapolis geus di sadiakeun 7000 soepir mobil vrachatauto, kitoe deui batterijen djeung nationale Garde geus pada sadia.

Di Seattie aja 2400 djalma anoe digarawe di palaboean pada marogok.

Di Huntsville aja 10.000 djalma ti pabrik tinoen noe marogok.

Nationale Garde di San Fransisco ajeuna geus sadia geusan ngadjalankeun kawadjibanana di mana aja perloena. Ngadjaraganana di tempat anoe $5^1/_2$ Mijl djaoehna ti basisir.

Pagawe - pagawe kantor noe marogok teh nembongkeun kaboengahanana.

Sen Fransisco 16 Juli (Aneta Reuter Pem). Di djero ieu kota kaajaan teh ampir saroea djeung kaajaan di Londen waktoe aja pamogokan dina taoen 1926.

Anoe pangpandeurina meunang ngaliwatan djalan njaeta correspondent Reuter, djalan make mobilna di djalan anoe keur noedjoe powek koe halimoen.

Reboe-reboe pagawe kantor nembongkeun kaboengahan, djalan-djalan di sepandjang trottoir bari barangdahar.

Roemah - roemah makan kabeh ditaroetoep.

TOKO KITAB

M. D. Moekrie

Pasar-baroeweg No. 20 Bandoeng,

Kanggo kaperloean Djoeragan-djoeragan istri pameget, tina hal perkawis kitab - kitab. Djoeragan-djoeragan teu kedah sesah deui milari adres. Adres anoe kasebat di loehoer nanggel sajagi kitab - kitab anoe di maksad koe Djoeragan sajagi poeloehan roepi kitab-kitab hoeroef (aksara) Arab, Basa Soenda Djawa, Melajoe sareng Arab Pangaos-pangaos ditanggel mirah.

Mangga enggal tjobian oelah lepat

M. D. Moekrie

(Kalereun Prapatan Kaoem) PASSAR - BAROEWEG No. 20

Bade di itjal kalawan saenggál - enggalna

1 Mesin tjitak (Snelpers)

Merk ABRUXELLES

Oekoeran 55 X 75

Pangaos mirah pisan - pembajaran Contant

Kengeng naroskeun ka Directie ieu soerat kabar.

Apa Toean tidak loepa?

Membawa segala pekerdjaan tjitak (drukwerken) moelai dari ketjil sampai jang paling besar ka:

DRUKKERIJ „ECONOMY"

OUDE KERKHOFWEG No. 16 - TELEF. 444

— BANDOENG.

Pekerdjaan tjepat ! Moerah ! dan Rapih !

Djoega mendjoeal matjam-matjam boekoe jang bagoes

seperti BOEKOE KWEE harga f 2,—

BOEKOE MASAKAN harga f 1,50

,Karangan Njonja SATIAMAN PARADA-HARAHAP

Mempoenjai recept jang paling bagoes dan gampang di ertikan oleh jang beladjar.

Banjak membatja SOERAT KABAR berarti: banjak menambah pengetahoean

TIONGKOK

### Naon noe diteangan koe Japan.

Shanghai, 17 Juli (spec. Keng Po.)

Sanggeusna perhoeboengan kareta api antara Peiping—Mukden didjalankeun deui, Japan teroes njieun propaganda di sakoeliah doenja, tjenah pedah pamarentah Tiongkok geus miboga „Manchukuo".

### Permoepakatan kareta api Canton—Kowloon.

Hongkong, 17 Juli (Spec. Keng Po).

Permoepakatan tina perkara robahan kareta api Canton-Kowloon, dina powe kamari geus didjalankeun, malah doea pihakanana oge geus kaeusian. Bisa djadi powe ieu eta perdjangdjian diterepkeun kalawan opisil.

### Personeel awewe dikalangan militair.

Hongkong, 17 Juli [Spec. Keng Po).

Chen Tsi Tang geus marentah soepaja kabeh personeel awewe anoe digarawe di kantor-kantor militair dilepasan. Lamoen katimbang sakira digarawena garetol, bisa diparindahkeun kana dienst civiel.

DJEPANG.

### Tjaah.

Samboengan kamari

Tokio 17 Juli (Aneta Reuter Aid). Njamboeng bedja kamari noe roetkeun laporan ti politie, bahaja tjaah di provincie Isjikawa djeung Toyama teh, aja 120 djelema anoe paeh. 740 anoe meunang tatoe djeung 152 anoe leuugit.

NEDERLAND.

### Patali djeung Poepoesnana Prins Hendrik.

Delft 17 Juli [Aneta Aid.]. 50.000 djelema geus daratang ka Nieuwe Kerk, njaeta noe djarah ka Makamna Prins Hendrik.

INDIA.

### Gandhi dina djero perdjagaan.

Calenta 17 Juli (Aneta Tr. Oc. Aid.) Gandhi waktoe ieu saban powe didjaga koe 2 rechenheur, malah lamoen andjennna keur aja dina kareta api salawasna didjaga koe ponggawa politie.

Djelema-djelema noe araja di perron station anoe katimbang matak salempang bisi rek ngarogahala ka Gandhi geus ditangkepan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

# „TIGER BALSEM"




## Ieu Oebar Balsem -didjieunna lain tina gadjih gadjih sasatoan.

Ieu Oebar Balsem adjaib sarta mandjoer pisan pikeun landong Batoek, Salesma. Rieut Sirah, Toedjoe, njeri tjangkeng, Pegel soekoe. Oerat-oerat kentjeng Beuheung sosongketeun, Serak, njeri hoentoe, Mengi, Digegel sato-sato peurahan Raheut, Letjet djeung roepa-roepa panjakit dada.

N. B. Pikeun ngadjaga kasakit noelar, ade pisan njimpen sabotol ieu Oebar keur di imah atawa njanjabaan.

Ari makena kieu: Gosok sing bener mana noe karasa njeri doea tiloe kali sapoë sarta boengkoes koe flanel atawa kaen panas.

N.B. Balsem sim koering didjieunna doea roepa, nja-eta beureum di boengkoes koe kertas beureum sarta Balsem bodas koe kertas bodas.

## ENG AUN TONG

MOLENVLIET WEST No. 174 — TELF. No 1090 BATAVIA

Batavia-Centrum.

Bisa dapat beli di segala tempat toko-toko obat (apotheken dan drogisterijen).



Firma TONG BIE
Gr. Posweg 6 Telf. 1461
— Bandoeng —

Sajagi roepi-roepi parabot. njerat, kangge kaperloean kantoran sareng sakola

Pangaos mirah



## Toko „Ma'moer"

Meubel & Ledikanten tevens Rijst en Productenhandel
Pr.Soemedangweg 106 Tel. no.300
Bandoeng.

Hidji Toko Parabot Roemah tangga noe tiasa njekapan saneskanten kaperloean Djoeragan istri-pameget sapertos: Randjang beusi, Medja, Korsi, Lomari, sdt. Diitjal Contant atanapi Huurkoop.

Oge njajagikeun Beas sinareng sanes-sanesna hasil boemi.



## In de kost

Dipilari moerangkalih sakola istri atanapi pameget anoe bade in de kost di Bandoeng. Patempatan aja di centrum kota (Poeng koer).

Dioeroes koe noe parantos ta bah kana kaajaan internaat sareng schoolleven-na.

Serat-serat diantos saenggal-enggalna adres:

Mh: G. Joeda 7/18
BANDOENG.



# Roemah Obat Sin Long

A.B.C.-STRAAT 7 — BANDOENG

## Peringetan 2 tahoen

**Semoea harga-harga obat jang terseboet dibawah ini dapat potongan 50 pCt.**

## Bedak BINSIN

Bedak boeat goena moeka njonja-njona, nona-nona djoega toean-toean boeat mengilangkan segala roepa penjakit koelit, seperti moeka item bisa djadi poeti, mengilangkan djerawat, koelit moeka kasar bisa djadi litjin, moeka kekolotan en terotolan bisa djadi poeti manis, tiap-tiap hari malem pake ini bedak BINSIN paras njonja dan nona djadi semingkin tjantik, pakenja tjampoer sama aer, ini ada speciaal tida ada lain merk, di soerat kabar kebanjakan omong pandjang kedjadian tida, bedak BINSIN tida tjampoer ratjoen tima samasekali tida, maka dari ini bedak soeda mendapat poedjian dari njonja, nona dan toean² tida ada lain merk seperti ini BINSIN jang bisa tjepet membaekan roepa-roepa penjakit moeka, dengan oewang tida banjak tjoekoep bisa membikin tjantik lebih dari orang lain.

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Obat batok boeat segala batok seperti angin, panas | f 0.20 |
| 2. | Pekpintan obat anak sakit Influenza, angin panas | f 0.25 |
| 3. | Banengsan boeat sakit deman, angin moenta panas dingin | „ 0.15 |
| 4. | Pil pergatieve | „ 0.06 |
| 5. | Peklengki boeat prempoean dateng boelan tida tjotjok, badan koeroes | „ 1.20 |
| 6. | Pek thay goan boeat prempoean sering keloear poeti en koening | „ 1.— |
| 7. | Keng hong san boeat anak sakit kaget panas dingin, Influenza | „ 0.25 |
| 8. | Kioe tong san boeat sakit ati peroet djantoeng dada | „ 0.20 |
| 9. | Kam Tje San anak sakit peroet, bengkak, badan koeroes | „ 0.15 |
| 10. | Litjesan boeat sakit Medjen dysenteri | „ 0.25 |
| 11. | Kang ben bakjo boeat segala sakit mata | „ 0.24 |
| 12. | Auw hong san boeat sakit tenggorokan leher | „ 0.30 |
| 13. | Hong pisan boeat sakit entjok | „ 0.20 |
| 14. | Pek tjo goan lelaki sakit kentjing kloear poeti koening | „ 0.50 |
| 15. | Jo boei tjhung lelaki sakit kemaloean boeroek | „ 0.50 |
| 16. | Hoe Thiat tjeng obat koeat koerang dara badan koeroes | „ 0.50 |
| 17. | Salf boeat koelit bengkak en bisoel | „ 0,15 |
| 18. | Salf boeat sakit koelit boeroek, boesoek | „ 0.15 |
| 19. | Te tjung jo boeat sakit bisoel di pantat en boeroek | „ 0,70 |
| 20. | Hwe sin tan boeat lelaki prampoean en segala penjakit | „ 0.09 |
| 21. | Salf boeat sakit koedis | „ 0.15 |
| 22. | Obat senang ati boeat Lelaki plesir senang di malam | „ 0.75 |
| 23. | Hoei Gihoen boeat anak tambah makan dan gemoek | „ 0,60 |
| 24. | Hongetsan boeat sakit panas angin | „ |
| 25. | Kongbin boeat sakit mata liat tida terang en ampir boeta | „ 0,25 |
| 26. | Popisan boeat koeat makan tambah darah | „ 0,30 |
| 27. | Coleson anggoer boeat tambah darah en gemoek segar badan, besar f 1,—; ketjil | „ 0,60 |
| 28. | Tinkingan speciaal boeat perampoean gadis dateng boelan tida tjotjok | „ 1,— |
| 29. | Timsenhoen boeat kepala mabok pikiran tida betoel ati sesak | „ 0,90 |
| 30. | Cekhigoan boeat lelaki kantong sakit kelingsir | „ 0,75 |
| 31. | Wisin pake ini obat lekas baek | „ 0.50 |
| 32. | Patah oesoes besar kaloear | „ 1,— |
| 33. | Zalf boeat antero koelit badan gatel 2 hari semboeh | „ 0,30 |
| 34. | Lin Sauw Goan boeat batoek lama panas sesak keloear darah | „ 0,75 |
| 35. | Kauw Kam Ge San boeat sakit moeloet lidah dan gigi | „ 0,30 |



## DRUKKERIJ „ECONOMY"

OUDE KERKHOFWEG No. 16
TELEFOON 444 BANDOENG

NAMPI ROEPI-ROEPI PADAMELAN TJITAKAN NOE ALIT SINARENG AGEUNG, MANGGA TJOBIAN








**Ngalanggan soerat kabar bangsa oerang, hartina: ngoehkeun paoesahaan bangsa oerang sorangan anoe engkena bisa djadi hidji lawang pikeun mere pagawean ka bangsa oerang anoe ngalanggoer**

Goenting ieu koepon sareng oepami parantos dieusian saperloena, ladjeng kintoenkeun per drukwerk nganggo franco noe 2 sen ka: Administratie „SINAR PASOENDAN" di Oude Kerkhofweg 16 Bandoeng.

Administratie „SINAR PASOENDAN"
Bandoeng.

Djoeragan ..........
Adres ..........
Moendoet proefnummer ..........
..........
Ngawitan ngalangganti ..........
Majar disasih ..........



## Goudsmederij Moh. Sapei

NOORD PASARSTRAAT 16 — BANDOENG



Nampi sagala roepi padamelan soegrining perhiasan tina Emas, saroepaning: Tjingtjin nikah, stempel, roepi-roepi model pinggel, Liontin, Markies, Toesoek sanggoel, Panitih tinoe alit doegi kanoe ageung sareng sadjabi ti eta.

Padamelan ditanggel rapih, sareng menggahing ongkosna noemoetkeun kana ka ajaän djaman.

Oge sajagi roepi-roepi kopeah, boeloedroe hideung sareng beureum sareng panganggo pikeun moerangkalih.

Pangaos kalintang mirahna, padamelan mah ngoegemaken katambih-tambih dianggona ditanggel kiat lami.



Hormatn anoe ngantos-ngantos pesenan



## KINA TEH PANJEGAH KASAWAT

GRIEP sareng INFLUENZA

Nganggona: 1 tablet dina sadinten.
Kenging ngagaleuh dimana-mana.

Oepami djoeragan ngintoenkeun postwissel f 1.— atanapi f 1 20 kantenan baris dikintoen hidji pak anoe eusina 100 tablet noe beuratna 0.2 gram **Bisulfas Chinini** atanapi **Hydrochlores Chinini** (Zoutzure kinine). Di dinja disajagian deui katerangan koemaha nganggona. Dikintoenna ka boemi teu karana onkost deui. Pesenan ka

N. V. BANDOENGSCHE KININEFABRIEK

305


IMPLIK IMPLIK

# ASIAH GEULANG RANTAJ

KENGING

NANIE

Aneh ieu mah, tjek djrg. Pangsioen istri, djadi poen Aminah teh geureuha aji?

Soemoehoen, oepami teu atjan gadoeheun deui salaki mah, margi parantos aja welasna taoen patoeraj . . . .

Don't toll about our life! tjek bi Aminah ka salakina, come we go home now!

Naha make oelah ditjaritakeun, da lain perkara kagorengan! tembal kiai Soengkawa.

Koemaha margina anoe matak mawi patoeraj? tjek djrg. Pangsioen istri.

Kenging diseatkeun, abdi laki rabi teh henteu pisan papendak sareng kaloeloesan, kiai Soengkawa njamboeng omonganana, djalaran kenging ganggoean ti anoe djadi sepoeh, ti sepoeh poen bodjo sareng ti sepoeh abdi. Ari anoe mawi kitoe, antawis sepoeh-sepoeh teh aja patjengkadan oepami patjengkadan tea mah, anoe kirang sae oepami ditjarioskeun. Ari noe djadi anak, nja boektina abdi sareng poen bodjo, ti djaman pada sakola di H.I.S. teras ka Mulo di Bandoeng, parantos pada² neundeun katineung anoe di pageuhan koe doeriat anoe teu kinten ageungna. Barang parantos kaloear ti Mulo, abdi oendjoekan ka poen bapa sareng poen biang, hajang gadoeh bodjo, namoeng hajang ka ieu poen Salamah, atoeh sepoeh teh oedjoeg² teu doaeun bae. Koe djalaran ageung doeriar tea, abdi maksa, teras bae poen Salamah disoehoenkeun ka sepoehna bade dipibodjo namoeng . . . . teu dipasihkeun!

Koe Ageung-ageungna katineung, sanaos sepoeh ngarintatangan oge kana pamaksadan abdi, teras bae abdi sareng poen Salamah ichtiar sangkam tiasa ngadjodo, djbelaan bahoela ka noe djadi sepoah.

Enggalna, abdi kawin hakim bae.

Saparantos ngarangkep, kenging disebatkeun henteu papendak sareng kaloeginaan laki rabi teh, koe margi salamina kenging ganggoean ti noe djadi sepoeh, boh ti sepoeh poen bodjo boh ti sepoeh abdi.

Hidji waktos, nalika abdi teu aja, roepina poen biang teh soemping ka rorompok, doeka dikoemahakenn poen bodjo teh. da waktos abdi wangsoel parantos teu aja, moeng ngantoenkeun serat bae dina medja, anoe maksadna bade mios sakaparan-paran, djalaran teu kiat nahan poepi-roepi kanjeri ti noe djadi mitoha.

Enggal koe abdi disoesoel ka sepoehna, nanging teu aja. Aja sasihna abdi ngilari, namoeng teu tiasa kapendak.

Oepami kirang-kirang nahan kasedihan mah, doeka koemaha addi harita teh. Eta deuih sedihna teh, nalika miosna teh noedjoe kakandoengan.

Saparantosna poen bodjo teu aja, abdi di paksa bade dikawinkeun ka anak noe beunghar, kadoa sepoeh. Namoeng abdi nolak.

Salamina aja di lemboer henteu paneak sareng kaloeginaan hate, djalaran teu weleh kasoeat-soeat koe doeriat. emoet ka poen bodjo saliring doemadi.

Woewoeh lami woewoeh ten raos bae aja di lemboer teh nja ladjen bae abdi oendjoekan ka sepoeh, hajang ingkah ti lemboer, ka mana bae. Satadina abdi dimodalan dagang di Bandoeng. Namoeng lami-lami poen bapa kagoengan emoetan sanes abdi djdjadjapkeun ka Makah, teras moekim di tanah Soetji kenging 9 taoen.

Wangsoel ti Mekah' di lemboer parautos disajagikeun deui bae pibodjoëun, anak kiai ajeuna mah namoeng koe abdi ditolak bae.

Nembe harita mah poen biang ngaraos handjakal, sarehna parantos neungteuinganan poen bodjo, doegi ka lolos ngantoenkeun salaki.

Koemargi seueur anoe harajangeun ngaraos, sadongkapna ti Mekah teh teras bae mooka pasantren, Malah ramana Den Soekardia oge noedjoe ngaos di abdi. Nalika vacantie Den Maman, Den Soekardie sareng ramana arangkat ka ka rorompok. Nja ti harita pisan abdi kenal sareng arandjeunna teh malah ab di kantos djangdji bade ngadeuheusan ka dieu.

Samboengeun.

Sinar Pasoendan

LAMBARAN KADOEA No. 157 TAOEN KA 2

KEMIS 19 JULI 1934 — 6 SILIH MOELOED 1353

# BAB POEASA

Koe: Mh. A. A.

II.

GOENTA-GANTINA kalakoean oerang, aja noe dibarengan koe kahajang (Iradat) djeung aja oge noe henteu, saperti: Pindah tina njaring kana sare sok aja hajangna, tapi ari ti sare kana njaring mah oerang meh teu njaho-njaho atjan, bet soemawonna hajang tea. Nja kitoe deui tina tjageur kana gering tjadoe toedjoeh moengkoek tara aja anoe hajang; tapi ari tina gering kana tjageur mah geuning sarerea oge pada hajang.

Ari noe dipikarep koe ketjap goenta-ganti teh nja eta saperti:

Tjabe mimitina pentil, toeloej djadi rada gede, djadi tjabe keur loemada noe roepana hedjo, toeloej djadi beureum, lila-lila djadi peot, achiroelkalamna mah nja kitoe tea bae djadi ..... boeroek,

Nja kitoe deui saperti orok lila-lila djadi boedak, djadi boedjang leutik, boedjang belekesenteng, sawawa, tengah toewoeh, kolot, aki-aki, peot, achiroelkalamna mah geus teu bisa soemingkir deui nja ...., paeh.

Siki djadi petetan, djadi tangkal, geus djadi tangkal teroes boeahan, moegoeran, toengtoengna ..... paeh.

Hikmatna Allah Taallah ngadamel Alam sina goenta-ganti, teu lian iwal ti pikeun netelakeun jen Alam teh henteu langgeng. Da kapan moenggoehing noe langgeng mah teu aja deui anging ti Goesti Noe Maha Soetji njalira.

Ari noe diseboet sjahwat njaeta kahajangna napsoe atawa kahajangna anoe dibarengan koe napsoe.

Demi katarana hajangna teh woengkoel moro kana ngeunah, senang djeung boengah bae.

Soepaja leuwih atra-tetela beda na Iradat djeung Sjahwat, oerang njieun tjonto koe dahar bae.

Geura oepama oerang geus lila teu dahar, tangtoe bakal ngarasa lapar; sanggeus lapar nja ngarasa hajang dahar, tah hajang di dinja teh njaeta Iradat tea. Tjatjakan oepama noemoetkeun Iradat bae mah, koe dahar sangoe powe bejar karo oejah bae oge, geus njoemponan kana ngaleungitkeun lapar,

Tapi ari panarikna Sjahwat mah lain kitoe, sangoena koedoe sangoe poelen, bodas sarta haneut; moenggoehing deungeuna onaman henteu koedoe rea-rea, sapoeloeh roepa oge tjoekoep, kajaning bistik sapi lamoesirna, lidah digoreng bae, reboes goerame sing rea man tegana, roepa-roepa sambel, lalablalab djeung salianna ti eta.

Soepaja senang, dioekna koedoe dina korsi njanghareupan medja anoe beunang noeroeban koe taplak noe ngeplak bodas, moen daharna ti peuting damarna koedoe tjaang ngempraj, druklicht atawa listrik anoe 150 lilin. Kadjaba ti eta soepaja dibarengan koe kaboengahan, perloe ngarioeng djeung anak bodjo.

Tapi eta dahar matjem kitoe teh tempo tempo mah sok koerang ngaboengahkeunana, nja diganti koe piknik ngadon tjoeraktjoerak ka sisi Tjiroem, samemehna lalajaran heula dina salimar.

Ari rentjang, koesabab ari di rentjangan koe garwa mah sok katerap koe djoerig „bosen", nja njandak rentjang anjar ti ..... Verlengde Regentsweg.

Oepamana bae geus ngarasa bosen, nja diganti deui koe lakoe sedjen, soepaja ni'mat, senang djeung boengah panarik sjahwat tea koempoel kabeh.

Sjahwat teh beunang oge diibaratkeun kana waloengan. Geuning waloengan teh ari tina sirahna mah leutik, tjaina herang ngagenjas bidjil tina liang loehoer goenoeng.

Toeloej ngotjor ka hilir, moro tanah anoe handap, beuki gede, beuki gede, djeung koelantaran katambahan koe tjai sedjen tea, roepana teh beuki kiroeh djeung beuki kotor bae, toengtoengna bras ngamoeara ka sagara, oetjoel sipat waloengan kaganti koe sipat laoet, itjal rasa anoe tawar kaganti koe sari asin.

Njakitoe deui tina perkara sjahwat, keur djamam djadi Iradat keneh mah henteu goreng, tapi beuki dieu beuki hina, hinana teh teu beda ti waloengan mapaj tanah anoe handap. Geuning dina dahar oge, asal tina sila pindah kana korsi, toengtoengna djol bae kana piknik.

Aja deui tjonto sjahwat anoe leuwih aneh, njaeta tina perkara kapal.

Samemeh djelema barisa njieun kapal, manggihna loeang teh ngan tina sarah anoe palid di waloengan tjaah bae, beunang ditoempakan koe djelema doea tiloe.

Lila lila ngahadja njieun tjatang reudjeung rakit dipalidkeun di waloengan bari ditoempakan. Lila ti lila tjatang teh dipapas tiloehoerna diratakeun ngarah senang dioek; geus kitoe manggih deui akal, njaeta tjatang teh dilegokan sangkan beuki laloeasa dioekna, nja salin djinis djadi parahoe.

Lila ti lila parahoe djadi bandoengan. Tapi bandoengan beunangna dipake teh ngan saoekoer nepi ka moeara waloengan bae, sabab ka laoet mah henteu mental.

Tina hantem dioelik dipalikiran, nja nepi ka njieun sampan; sampan lila lila djadi kapal lajar. Itjal kapal lajar, ganti sipat kiwari djadi kapal api, sanggeus aja kapal api teu kapalang datang pikiran hajang njieun kapal perang pikeun ngaroeksak nandasa djiwana reboean djalma.

Koe kapal perang tatjan tibra, poetjoenghoel aja maksoed hajang njieun kapal silem keur maehan djelema ti bongohna.

Tah eta sakabehna woengkoel panarikna Sjahwat, parentah napsoe amarah.




## Eerste hulp bij ongelukken

### Noeloengan Gecompliceerde fractuur.

Gecompliceerde fractuur teh nja eta anggahota potong noe disarengan koe aja raheut.

Ngawitan saniskanten pangang go noe napel kana anggahota noe potong, kedah dilaanan.

Ka doea: milari spalk (kai noe lempeng, karton, kai s.s.t.)

Ka tiloe: oepami aja bloeding, anggahota noe tjilaka kedah diloehoerkeun sareng rada ditarik. Oepami bloeding eureun, sae diloehoereun raheut dipasang Schlauch (di beungkeut koe karet) atanapi lamak. Emoet masangkeun Schlouch oelah doegi ka ngadjantenkeun stuuring. Tina masangkeun spalk, parantos reres teras tjandak ka roemah sakit.

Raheutna ditoetoep nganggo steriele compres. Sakoeriling raheut, oepami seueur ramboet kedah tjoekoer, tilas njoekoer teras koembah koe saboen nganggo tjai panas, oepami aja koe bensin deui.

Djagi soepados tjai pangoembah oelah doegi ka lebet kana raheutna.

Didamelna kedak lalaoenan sareng atos-atos margi oepami fractuur seueur gojang, bloed tambih eureun, noe tjilaka ngaraos njeri. Oepami dina lebet raheutna seueur kokotor sapertos batoe, taneuh, ramboet s.s.t. oelah ditjandakan nganggo barang noe kotor sapertos di tjokel koe panitih atanapi awi (rokrak), sae antep bae njaeta ngadjantenkeun infectie. Emoet bahaja Fitanus.

Engke oge oepami parantos dongkap ka roemah sakit eta kokotor-kokotor teh ditjandakan nganggo barang parantina njaeta pinut steriel [Steriel hartosna teu ngandoeng bacterie hiroep, margi paraeh lantaran barangna digodog]

M.O.W.

## Malaise.

Dina waktoe ieu ti kota nepi ka lemboer-lemboer teh djelema-djelma tingdjarerit koe ajana setan meleset, noe taja rasresan, njekekan teu pilih boeloe ....

Ti Ki Marhaen nepi ka Ningrat na pada ngarasa. koe kagagahana na „setan meleset" noe teu malilding sanak taoen toekang oerang rep soegan we taoen ieu leungit, tapi weu tjilaka anggoer beuki hebat. Komo deui engke taoen noe bakal datang setan malaise teh, beuki tambah seukeutna, malah roemah roemah sakit parti koelir noe biasa bere soepsidi oebar-oebar teh di tjaboet. Tetela rajat teh beuki soesah koe sagala roepa, boh koe dahareun, boh koe kasehatan, sabab oebar-oebar teh noe di bere gratis ateuna mah koedoe meuli. Tapi koe kasehatan mah oelah bingoeng teuing, sabab ajeuna geus ngadeg hidji badan pertoeloengan P. O. S. (Penolong orang sakit) noe dipingpin koe Djr. Tamsoe djeung Djr. Soekardi, anoe 100 pCt. keur noeloeng kasehatan rajat Indonesia, koe sab eta hajoe atoeh, deudeul koe sarerea, malah-malah ieu P. O. S. [Penolong orang sakit) teh rek njieun pasar derma di aloen-aloen Bandoeng, kira kira 1 2 boelan deui, koemargi eta mangga atoeh geura deudeul P. O. S. da keur rajat saoemoemna ....

Panjekekna setan meleset teh tetela beuki gagah, boektina kaoem boeroeh beuki loba noe dionslag, woewoeh loba kaoem nganggoer, loha soedagar-soedagar noe goeloeng tikar, ieu teh taja lian iwal koe panjekekna maleset bae.

Lain woengkoel ka soedagar soedagar Europa of Indonesier tapi sakabeh katjekek koe meleset.

Naha kira-kirana ieu „setan malaise" bisa leungit. Ieu teh ngan pertanjaan, sebagi impian bae, sabab teu bisa di djawab.

Kaoem-kaoem soedagar ngan bati loeh-lah, kaoem boeroeh ting aradoeh, di kampoeng-kampoeng werit loba paling, ari noe kitoe tea mang moenasabah, da ti batan paeh langlajeuseun leuwih hade maling, geuning bareto di Njengseret aja noe maling kedjo, eta oge tangtoe koe sabab katarik koe koekoeroeboekan beuteung.

„Iraha atoeh setan malaise rek leungit?"

„Walahoealam!"

Toenggara.

## Palatjoeran

Saenjana geus loba noe geus njaritakeun hal palatjoeran, tapi teu aja halanganana moen ajeuna ditjaritakeun deui, tapi iraha atoeh hal ieu bisa moesna ti doenja?

Statistiek doenja tambah powe tambah loba nerangkeun hal ajana palatjoeran, oge noe ihtiar pakeun ngaleungitkeun teh teu koerang-koerang.

Geuning sawatara boelan ka toekang di oerang oge awewe² noe sok ngobralkeun dirina teh ditarangkepan, ieu taja lian ngan maksoedna soepaja palatjoeran tea bisa leungit.

Moenggoehing palatjoeran teh bisa ngadatangkeun panjakit „Syphilis" nja eta noe kaasoep bagian panjakit „Venerische Ziekten", hal ieu anoe katjida bahajana, sabab hidji panjakit noe soesah dioebaranana.

Lamoen ieu panjakit geus aja di oerang anoe tangtoe ngaroeksak kana roepa-roepa perkara, saperti:

1. Bisa djadi gelo.
2. Bisa ngaganggoe djalana kadaharan, sarta bisa djadi getih teh koerang, ieu noe diseboet anaemie.
3. Ngaroeksak roepa-roepa lamad di bagian oeteuk.
4. Lamoen bagian oeteuk geus roeksak ngabahajakeun kana badan.
5. Ngaroeksak soengsoeam noe aja disaantero awak.

Toeh tetela pisan koe ajana palatjoeran teh bisa ngadjadikeun roepa-roepa panjakit: pehong, lolong, gelo dj. s. t.

Ieu panjakit lain woengkoel keuna ka noe ngadjalankeun rol latjoer, tapi oge bisa miloe tjialat noe teu toeah teu dosa, oepamana anak oerang noe kakara didjoeroekeun panonna lolong of leungit iroengna djeung loba-loba deui kadjadian tina boeahna noe sok latjoer tea.

Ari orok bisa katoelaran ieu panjakit teh koe roepa-roepa djalanna, saperti:

1. Lantaran kolotna ngabogaan eta panjakit noe bahaja tea.
2. Bisa tepa ti noe ngoeroes eta orok lantaran tepa.
3. Tina lantaran pakean tjotjoan djeung barang-barang noe sok biasa njioeman ka orok.

Koe tjonto noe pondok ieu oerang bisa ngarti, jen sakitoe bahjana palatjoeran teh, moegi aroe ninga.

„Loba" pisan" djelema noe anti latjoer djeung djelema noe resep koe ajana palatjoeran malah geuning bareto di Karawang aja P. N.I. noe "hartina" Perkoempoelan Njandoeng Indonesia? Boeng Voorzitter-na oge ngingoe tiloe ambewe tjenah.

Ieu panjakit teh sok diteumbleuhkeun ka awewe, da boektina noen aja lalaki noe katerap ieu panjakit sok di sareboet katerap panjakit Banondari tea geuning. Malah di roemah sakit Sitoesaeur mah diseboetna panjakit Bandoeng bae, sabab ngan di Bandoeng bae panglobana di Poelo Djawa mah.

Koe ajana palatjoeran teh lain woengkoel bahaja pakeun awak, tapi oge bahaja pakeun pergaoelan oemoem, da boektina daradjat kaoem iboe teh djadi toeroen harkatna, noe matak tetep nepi ka ajeuna kasalahan teh aja dipihak awewe bae padahal ari noe ngalampahkeun mah doea pihakanna.

Sabab moenggoehing hidji awewe noe latjoer teh moal daek latjoer moen teu aja lalaki noe ngaladenan deui, oerang koedoe inget pangna eta awewe ngadjalankeun latjoer teh lantaran kadjoeroeng koe kaboetoeh njaeta kadjoeroeng koe koeroeboekna beuteung hajang dieusian, da rek koeli teu bisa, nja kapaksa neangan kipajah koe ngadjoealan dirina tea.

Njata pisan pangna loba awewe noe lalatjoer teh, lain resep, tapi ngabelaan eusi beuteungna, geura oerang bisa nendjo dimana aja awewe latjoer noe beunghar? sakatereng mah teu atjan aja noe beunghar tina djalan latjoer mah. Ieu palatjoeran teh bisa dibagi doea bagian noe loembrah.

1. Ngadjalankeun ieu teh dipake kasenangan woengkoel, nja ieu noe ngaroeksak roemah tangga djeung pergaoelan oemoem teh.
2. Koe ajana palatjoeran teh njaeta saperti noe kaseboet di loehoer ti pihak awewe noe kadjoeroeng koe pangaboetoeh tea.

Aja deui awewe noe latjoer teh tjeuk katerangan Nona Johanna Elberskichden dina artikel „Geslachtleven der Vrouw" noe ditoelis dina boekoe „Man en Vrouw", lantaran si awewe tea ngabogaan hidji panjakit noe diseboet: manziekte atawa geslachtelijke overgevoeligheid, tjeuk oerang Inggris mah: „Moral insanyty".

Awewe noe boga „Manziekte" teh ngabogaan mani noe loear biasa, nepi ka teu pilih boeloe asal bae lalaki. Geura ieu ditjatet tina eta boekoe lalaki-lalaki noe keuna koe eta panjakit teh:

1. Keizerin Mossilina, prameswari na Claudius I di Roem dina taoen 48.
2. Keizerin Agrippena doeloerna Nerro anakna Germanicus taoen 33.
3. Popea Sabina selir Nerro.
4. Leecretea Borgea poetrana Paus Alexander oeroet Cardinal Cesar Borgia dina taoen 1480-1519, noe lalakonna geus dikarang koe ahli sair Victor Hugo dina taoen 1833.
5. Keizerin Chatarina prameswari ti radja Tzaar di Rusland dina antara taoen 1762—1796, noe geus ditjatet dina boekoe Casanova jen eta radja ngabogaan katjintaan ka 92 lalaki.

Toeh tetela dina hal noe ka seboet di loehoer teh noe biasa diseboet palatjoeran teh oge lantaran awewe noe ngabogaan „Manziekte" noe nimboelkeunana oge saperti panjakit noe kaseboet di loehoer tea.

Hal awewe latjoer teh bisa djadi oge koe ajana kawin paksaan, keuna koe pangaroeh doeit, nja eta kawin ka noe teu dipitjinta koe boedak tea.

Toeh tetela koe ajana ngareremo boedak teh lamoen geus kawin teu daek hade tangtoe eta teh ngaroeksak ka kaoem iboe tea.

Koe sabab eta poma pisan oelah ngareremo noe djadi anak.

Pamarentah di mana mana pada neangan djalan baris ngamoesnakeun palatjoeran teh tapi teu bisa lantaran geus mangratoes ratoes taoen ajana palatjoeran tea.

Tetela palatjoeran teh moal bisa leungit sanadjan koemaha oge, ngan paramaos Sinar Pasoendan bae kedah aremoet kieu:

1. Djaga diri oerang sorangan oelah nepi ka keuna kagoda koe awewe palatjoeran tea.
2. Omat pisan kaoem sepoeh oelah sok NGAREREMO anak oerang tea, sabab geuning sakitoe goreng baloekarna teh.

Moedah moedahan kaoem sepoeh aremoet kana ieu toelisan.

# Telegrammen

Tina s.s k. sedjen

### RUSLAND.

**Gadjih aaek padjeg toeroen.**

Moskou 14 Juli (Aneta Reuter Aid,]. Di pabriek obat djeun[illegible] sendjata, sakabeh pagawena baris ditaekeun gadjihna 10 procent.

Djaba ti kitoe padjeg marane[illegible] hanana baris ditoeroenkeun ged[illegible] na 50 procent.

Kitoe deui pikeun sateroesn[illegible] maranehanana boga hak geusa[illegible] narima gratificatie (persenan).

### NEDERLAND.

**Narima kana ditoeroenkeuna[illegible] gadjih.**

Heerlen 15 Juli (Aneta D.[illegible] Mijnbouworganisatie R.K. ge[illegible] narima kana voorstel ti Direc[illegible] baris noeroenkeun bajaran.

Ti pihak Algemeene Bond. n[illegible] eta noe kaseboet partij merah t[illegible] mere sora anoe henteu ngar[illegible] djoekan.

**Ngiring sedih.**

Den Haag 15 Juli (Aneta D[illegible] Sri Maha Ratoe Radja Poetri g[illegible] nampi oetoesan-oetoesan ti Eerste Kamer anoe saroemping tawis ngiring sedih. Kitoe deui Sri Maha Ratoe geus nampi Commissie noe ngiring sedih ti pihak Raad van State.

### TIONGKOK.

**Bandjir masih keneh ngamoek.**

Shaughai 17 Juli (Spec Keng Po) Bawaning koe gedena-gedena bandjir, nepi ka waloenga[illegible] Paiha kawas laoet bae. D[illegible] Tiensin mah, tjai waloenga[illegible] Yunho teh nepi ka ngaliwata[illegible] koeta. Njakitoe deui waloengan di Chahsien bandjir, nepi ka pepelakan di eta distrik, ka[illegible] beh kakeueum koe tjai.




TIDA PENJAKIT PEROET LAGI!

Kombali djadi sehat, merasa seger 100%, dapetken lagi kesenangan idoep seperti doeloe, inilah kasoedahan jang baek dari pangobatan dengen TIGER BALASHIN SAI

Sakit peroet dan ganggoean oetjoes selaloe bisa ditjegah sabegitoe lama masi terdapet BALASHIN SAI, BALASHIN SAI jang tambah napsoe makan dan bikin makanan gampang antjoer di peroet! Toean poenja persediahan obat-obatan di roemah ada tida lengkep zonder

BALASHIN SAI BOEAT PENJAKIT PEROET

TONG, MOLENVLIET W. 174, TEL. BAT. 1090

Apa soedah kenal toko ini?

DIAMONDSHOWROOM

**M. WITSENHUYSEN**

LOGEWEG 14 dimoeka Kebon Sirih, TELF 777
Perapatan Kantoor Gemeente Bandoeng.

Tjatet ini adres. Djangan sampe loepa.

**Brilliant terlepas jang toelen**

Boekan brilliant Singapore tetapi brilliant betoel
f 1,- satoe bidji f 1,- satoe bidji f 1,- satoe bidji

**Satoe roepiah satoe bidji!**

Liontine brilliant harga f 6,- mas en brilliant betoel
Tjintjin brilliant harga f 6,- idem etc. etc.

Ongkos bikin barang mas inten terlaloe moerah

Doos - Doos - Doos - Doos

Membikin matjam-matjam doos dari carton, bloedroe, soetra boeat barang mas inten, obat² roko dan segala doos boeat verpakking.

Harga sanget moerah - bikinan rapih

**Minta keterangan pada Telefoon 777**

- HARGA JAPAN -

Houthandel „Kantjana"
Pr. Soemedangweg 184 Bandoeng

a. Sajagi roepi-roepi kai, sapertos Rasamala, Saninten, Kihioer, Kajang Poespa sareng sabangsana.
Oekoeran roepi-roepi kanggo kaper loean boemi ageung sareng alit.
b. Sajagi roepi-roepi kai albasia papan papan kanggo beton.
c. Nampi pesenan roepi-roepi model pintoe, djandela, sareng kozen, di damel tina kai goenoeng sareng djati.
d. Ngitjal boemi-boemi kawit ti pangaos f 200,—

Sinareng saniskanten barang anoe di itjal koe Houthandel Kantjana, ditanggel ngentengkeun ka anoe ngagaleuh, malah oepami itjaleun deui tiasa langkoeng mirah. Dina antawis pesenan ageung alit di kintoen kalajan tjepet.

Salam noe ngantos pesenan
Houthandel Kantjana
Pangeran Soemedangweg 184
Eig.
H. Zaenoedin.

Rijwiel en Motor Reparatie Atelier
„DJERAL"
VAN SOERABAJA
Bantjeuj 43 —o— Bandoeng

Sanggoep membikin betoel segala keroeksakan Motorfiets pakerdjaan ditanggoeng sampe baik. Dan sedia djoega Onderdeelen dari: Motorfiets American dan Europa Motor. Dan lain-lainnja Onderdeelen baroe dan tweedehandsch.

Memoedjikan dengan hoermat
DJERAL

**Balandja...**
ka toko-toko noe masang advertentie dina
Sinar Pasoendan
ditanggel matak
njoegemakeun

PIL PELOR

SPECIAAL OBAT
Pil sakit kentjing

Ini Pil boeat orang sakit kentjing nanah, dan kentjing darah (Kek Lim) Toean-toean semoeahnja tjobalah ini obat jang moestadjab sekali dan djikalau toean-toean bisa makan ini obat satoebotol penjakit jang terseboet itoe ditanggoeng bisa baek sama sekali dan lagi kalau penjakit soedah lama kita tanggoeng djikalau habiskan 2 atau 3 botol di tanggoeng bisa baik teroes samasekali penjakit jang didalem badan.

Atoeran makannja:

3 kali sehari 2 Pil sekali, dengan aer Thee atawa beras, sama katjang idjo direndem minoem sarinja sadja moesti pantrang djangan makan jang manis-manis goreng-gorengan, dan arak.

Harga 1 Flesch f 1.50




**Tjin Ki Tan**
**Obat Sariawan**
BIKINAN
Sinshe Joe Tjoe le

Ini obat boeat ilangkan sakit dingin panas pilak, batok orang lelaki atawa prampoean oemoer toewa atawa moeda kena angin djahat sakit kepala, sakit dada, sakit peroet, sakit oeloe, sakit tangan, lemes, moenta-moenta boeang-boeang, aer medjen, makan nasi tida enak lantaran anas didalem badan, makan koelit idoeng, koelit moeloet, koeping dan petjah atawa orang prampoean sesoedahnja atawa seblonnja beranak darah kotor, tida djalan dengan baek itoe roepa penjakit kaloe pakai ini obat Tjin Ki Tan semoea bisa baek.

Atoeran makannja.

Satoe kali makan satoe boengkoes sakit berat boleh tambah lagih satoe boengkoes, makan sama aer panas of Thee.

Toean-toean dan njonja-njonja pembeli harep soeka perhatikan jang pake Tjap Pagoda soepaja tida djadi kliroe.

Harga satoe boengkoes f 0,20
HOOFDDEPOT

Roemah Obat **Heng Tjoen Tong**
Pasar Baroe Gang A. B. C. No. 18 Tel. 2442 - Bandoeng

Agent-agent dari laen-laen tempat.

Ban Seng & Co. Batavia, Tai Aan Hoo Batavia, Thaij Hoo Tong Batavia, Thij Hoo Tjoen Pasar Senen Batavia, Tong Tjee Tong Pasar Baroe Bd., Po Tjoe Tong Soekaboemi, Ban Aan Tong Soekaboemi, Thian Jan Sioe Garoet, Thai Hoo Tong Tasikmalaja, Ek Gwan Tong Tasikmalaja, Tek Aan Tong Djokja, Tjee Aan Hoo Pekalongan, Thai Tjoen Ho Pekalongan, Eng Hoo Tong Chribon, Tiong Nam Chribon. Eng Tai Hoo Semarang, Tjio Seng Tong Semarang, Eng Thai Hoo Solo, Eng Thian Hoo Solo, Eng Tjee Ho Madioen, Eng Tong Hoo Malang, Wie Leng Dje Fong Soerabaja, Eng Thai Hoo Makasar.

Oepami para Djoeragan palaj barang anoe sae, anoe teu kedah tjape toewas-toewis deui, margi parantos nganggo pangaos anoe pasti kajaning:

Barang-barang EMAS, INTEN, BERLIANT, PERAK s.s.t.

Roepi-roepi beker, erlodji, djam ageung sareng alit s.s.t.

Roepi-roepi ongkos dina ajana karesa'an, ditanggel mirah langkoeng ti noe sanesna, parantos toeroen tina pangaos anoe biasa.

Tjobian, jakinkeun, enggal soemping ka Toko anoe kasebat dihadap:

*Hoermatna noe ngadjeng-ngadjeng:*
KANG HONG KIM merk TOKO „MADJOE"
Pasar Baroe No. 46, Bandoeng.

Hatoer oeninga,

Djoeragan-djoeragan teu kedah majar noe langkoeng awis, (oepami Djoeragan-djoeragan bade ngengkenkeun roepi-roepi pertjitakan) asal soemping bae ka adres:

**Drukkerij „Dachlan-Bekti"**
KANOMAN GROOTE POSTWEG No. 23
PALIH WETAN PAKGADE — BANDOENG.

Salamina nampi roepi² pertjitakan sapertos: Etiket, Envelop, Kertas serat, Briefkaart, Serat ondangan, Tarief Hotel, Tarief Restaurant, Programma, Kartjis nama, Kartjis Bioscoop, Kartjis Pasar, Kontract-sewa sareng sadjabi ti eta — Oge nampi padamelan ngadjilidan boekoe (inbinden) sareng migoeraan gambar-gambar (inlijsten).

**Padamelan sae rapih toer enggal! Pangaos mirah!**
PALAJ BOEKTI?
Mangga tjobian soemping ka adres noe kasebat diloehoer!
Hoermatna noe ngadjeng-ngadjeng.

N.B. Sadjabina ti nampi roepi-roepi drukwerken, oge ngitjal roepi-roepi boekoe basa Soenda sareng Malajoe. Prijscourant sajagi, tiasa dipoendoet koe sing saha anoe perloe.

Pangadjaran
pamendak anjar



Noe dipambrih bade ma...ngkeun bangsa Priboemi, ... ngajakeun pangadjaran noe ...ng karaosna koe salira sa...g gampil ngahartoskeunana, ...gi ngemoetkeun kana padjaan noe sakieu malaisena. ...stoening pribados ngahadja ...ong ngadeudeul kana kama...ngan bangsa Priboemi koe djalan ngajakeun pangadjaran:

BREIWERK anoe teu kinten modelna kangge Boemipoetra saoemoemna



Noe langkoeng oetam sae soemping bae ka kantor pribados, ditampi saban dinten ti taboeh 8 t/m 1 siang sareng ti taboeh 4 t/m 7 wengi.

**Bajaran dina sasasih moeng f 4,—**

Kairing koe kahormatan
Mevr. NAITO
TAMBLONGWEG 2d
BANDOENG.

Awas! Awas? Awas!
Kita poenja toko lagi djoewal
SPECIAAL OBRAL
(Obral besar loear biasa).

Seperti barang tjita² banjak jang model baroe, dan harga banjak jang didjoewal roegi. Toewan-toewan dan Njonja-njonja tjobalah datang blandja, saksiken barang jang moerah betoel, dan tanggoeng menjenangken jang blandja.

Memoedjikan dengan hormat
Dames & heeren Manufacturen
**Toko „Java"**
Pasar baroe 76 Bandoeng.

NGALEBETKEUN
Advertentie kana SINAR PASOENDAN
SEUEUR HASILNA - AGEUNG HARTOSNA

PRACTISCH DAN MODERN
Enteng dan bisa dilipat-lipat
**Bangkoe - Medja**



Bangkoe medja jang berlipat di bikin speciaal dari kajoe jang bagoes. Ini bangkoe, kalau di boeka lipatannja, bisa dibikin tiga roepa matjam barang jang perloe boeat dipakai anak-anak dan orang jang soedah besar seperti:

I. Bisa djadi bangkoe dan medja.

II. Bisa djadi bangkoe dan papan bord,

III. Bisa djadi bangkoe doedoek jang enak sekali didoedoeki dan boeat bersandar serta bisa dibikin bangkoe tidoer.

Boeat anak-anak jang sedang beladjar dalam sekolah, baik sekola pakai ini bangkoe, bisa menoelis dipapan bord dan membatja diatas medja.

Karena bagoesnja bangkoe ini hingga mentjoekoepi segala kesenangannja pada anak-anak jang pakai, tentoe bertambah radjin ia beladjar.

**Kalau beli boeat didjoeal lagi isi satoe peti doea dozijn, korting 20 pCt.**

Oekoerannja:

| A | | B | |
|---|---|---|---|
| Boeat anak ketjil: | | Boeat orang Dewasa. | |
| Tinggi | 0.80 M | Tinggi | 1 M |
| Lebar | 0.36 M | Lebar | 0.45 M |
| Beratnja | 3.5 K.G. | Beratnja | 4.5 K.G. |
| **Harganja** | **f 2.50** | **Harganja** | **f 3.50** |

Keterangan boleh dapat pada: IMPORTEURS:
**NIPPON SHOKAI**
Senen 56, Tel. No. 1489 BATAVIA - CENTRUM
Slompretan 33, Tel. 3704 N. SOERABAJA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA